

**PANAMBANG ING CERKAK
WONTEN KALAWARTI SEMPULUR
WARSA 2011-2012**

SKRIPSI

*Kaaturaken Dhateng Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
Minangka Jejangkeping Pendaran
Anggayuh Gelar
Sarjana Pendidikan*



**Dening
Shinta Dwi Fitri Astuti
NIM 09205244075**

**PROGAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
2015**

PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan Panambang ing Cerkak wonten Kalawarti Sempulur warsa 2011-2012 menika saged dipunuji awit sampun pikantuk palilah dening pembimbing.



Ingkang Nyarujuki

Ngayogyakarta, 11 Februari 2015

Yogyakarta, 17 Februari 2015

Dosen Pembimbing I,

Drs. Hardiyanto, M.Hum.

NIP 19561130 198411 1 001

Yogyakarta, 11 Februari 2015

Dosen Pembimbing II,

Avi Meilawati, S.Pd., M.A.

NIP 19830502 200912 2 003

PANGÊSAHAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Panambang ing Cerkak Wonten Kalawarti Sempulur warsa 2011-2012* mênika sampun dipunandharakên wontên pandadaran sangajênging *Dewan Penguji* rikala 02 Februari 2015 saha dipuntêtêpakên lulus.

DEWAN PENGUJI

Asma	Jabatan	Tapak asma	Tanggal
Prof. Dr. Suwardi, M.Hum	Ketua Penguji		11-02-2015
Avi Meilawati, S. Pd., M.A.	Sekretaris Penguji		11-02-2015
Dr. Mulyana, M.Hum.	Penguji Utama		06-02-2015
Drs. Hardiyanto, M.Hum.	Anggota Penguji		09-02-2015

Ngayogyakarta, 11 Februari 2015

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta

Dekan



Prof. Dr. Zamzani, M.Pd.

NIP 19550505 198011 1 001

WEDHARAN

Ingang tandha tangan ing ngandhap menika, kula:

Nama : **Shinta Dwi Fitri Astuti**

NIM : 09205244075

Prog. Studi : Pendidikan Bahasa Jawa

Fakultas : Fakultas Bahasa dan Seni

ngandharaken bilih *skripsi* menika damelan kula piyambak. Sapangertosan kula, wosing *skripsi* menika beda kaliyan *skripsi* ingkang sinerat dening tiyang sanesipun, kajawi bab tartantu ingkang kula pendhet kangge pamanggih dhasar kanthi njumbuhaken tata cara saha etika panyeratan.

Seratan ing wedharan menika kaserat kanthi saestu. Manawi kasunyatanipun kabukten manawi wedharan menika boten leres, bab menika dados tanggel jawab kula pribadi.

Yogyakarta, 5 Februari 2015

Panyerat



Shinta Dwi Fitri Astuti

SESANTI

Isining jagad wis gumelar ing pikir

PISUNGSUNG

Kanthi raos syukur dhumateng Allah SWT *karya ilmiah* menika kula pisungsungaken dhumateng Bapak, Ibu, kaliyan mbakyu saha adhik kula saha tiyang ingkang kula tresnani ingkang sampun paring panyengkuyung saha pandonga.

PRAWACANA

Puji sukur konjuk ing ngarsaning Allah SWT awit sampun paring kasarasan, kanikmatan, saha kabegjan satemah *skripsi* kanthi irah-irahan “*Panambang ing Cerkak wonten Kalawarti Sempulur warsa 2011-2012*”, sampun pungkasan anggenipun nyerat. *Skripsi* menika kaserat kangge njangkepi salah satunggaling pendadaran anggayuh gelar Sarjana Pendidikan.

Skripsi menika saged pungkasan anggenipun nyerat amargi awit sampun dipunsengkuyung saking mapinten-pinten *pihak*. Awit saking menika, panyerat ngaturaken agunging panuwun dhateng.

1. Bapak Prof. Dr. Rochmat Wahab, M. Pd. MA, minangka Rektor Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring idin kangge nglampahi panaliten menika.
2. Bapak Prof. Dr. Zamzani, minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni ingkang sampun paring kalodhangan anggen kula nyerat *skripsi* menika.
3. Prof. Dr. Suwardi, M. Hum minangka Pangarsa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring idin kangge nglampahi panaliten menika.
4. Bapak Drs. Hardiyanto, M.Hum minangka pembimbing I saha Ibu Avi Meilawati S.Pd, MA minangka pembimbing II, ingkang sampun kersa paring bimbingan saha ngelmi ingkang migunani saengga *skripsi* menika saged dipunpungkasi kanthi sae.
5. Ibu Nurhidayati M.Hum minangka Pembimbing *Akademik* ingkang sampun maringi bimbingan saha pandom salebeting kula sinau wonten ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah.
6. Bapak Ibu Dosen Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring kawruh mawarni-warni inggih ingkang murakabi tumrap panyerat saha staf administrasi Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun mbiyantu babagan administrasi tumrap panyerat.

7. Bapak saha Ibu kula ingkang kula tresnani matur nuwun ingkang sampun paring panjurung saengga tansah tatag teteg satemah tutug tumrap panyerat saengga *skripsi* menika saged kaimpun.
8. Mbak Fitri saha dik Adit ingkang kula tresnani ingkang sampun paring semangat sahingga skripsi menika saged kasusun.
9. Mas Redha saha Mas Diwan ingkang kula tresnani ingkang sampun paring semangat sahingga skripsi menika saged kasusun.
10. Kanca-kanca kelas H/ 2009 saha kanca-kanca sanesipun ingkang sampun paring panjurung saha paring donga anggenipun nyerat *skripsi* menika.
11. Kanca-kanca Pendidikan Bahasa Jawa sarta sadaya pihak ingkang sampun mbiyantu boten saged kula sebutaken sadaya, ingkang sampun paring donga saha panjurung tumrap panyerat saengga *skripsi* menika saged kaimpun.

Skripsi menika tasih dereng kawastanan sae, jangkep, menapa malih sampurna. Pramila saking menika, panyerat nyuwun pamrayogi saha panyaruwe ingkang tamuju amrih langkung sae, jangkep, saha sampurnaning asiling panaliten menika. Wasana, mugi *skripsi* menika sageda murakabi.

Yogyakarta, 5 Februari 2015

Panyerat



Shinta Dwi Fitri Astuti

WOSING ISI

	kaca
IRAH-IRAHAN.....	i
PASARUJUKAN	ii
PANGESAHAN.....	iii
WEDHARAN.....	iv
SESANTI	v
PISUNGSUNG.....	vi
PRAWACANA	vii
WOSING ISI.....	viii
<i>DAFTAR TABEL</i>	xi
<i>DAFTAR LAMPIRAN</i>	xii
SARINING PANALITEN	xiii
<i>DAFTAR SINGKATAN</i>	xiv
<i>PRATELAN TANDA</i>	xv
BAB I PURWAKA.....	1
A. Dhasaring Panaliten.....	1
B. Underaning Prekawis	2
C. Watesaning Panaliten	3
D. Wosing Prekawis.....	3
E. Ancasing Panaliten.....	4
F. Paedahing Panaliten	4
G. Pangertosan.....	4
BAB II GEGARAN TEORI	6
A. Gegaran Teori	6
1. Pangertosan <i>Morfologi</i>	6
B. <i>Proses Morfologi</i>	7
1. Afiksasi.....	8
2. Reduplikasi	11
3. Komposisi (tembung camboran).....	14
C. <i>Peranganing Morfologi</i>	15
a. <i>morfem</i>	15
b. <i>tembung</i>	16
c. <i>jinising tembung</i>	19
D. Pandhapuking <i>Morfologi</i> basa jawa	22
E. Panambang.....	23
a. Pangertosan panambang	23
b. ginanipun panambang	23
c. wujud panambang.....	24
F. Cerkak.....	32
G. Nalaring pikir	33
H. Panaliten ingkang Jumbuh.....	34

BAB III CARA PANALITEN	35
A. <i>Jinising</i> Panaliten	35
B. <i>Data</i> saha Sumberipun <i>Data</i>	35
C. Caranipun Ngempalaken <i>Data</i>	36
D. Pirantining Panaliten	36
E. Caranipun Nganalisis <i>Data</i>	37
F. Cara Ngesahaken <i>Data</i>	39
BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN	41
A. Asiling Panaliten	41
B. Pirembagan	44
1. Panambang awujud monomorfemis	45
a. <i>Panambang [-i]</i>	45
b. <i>Panambang [-a]</i>	46
c. <i>Panambang [-e]</i>	48
d. <i>Panambang [-an]</i>	65
e. <i>Panambang [-na]</i>	72
BAB V PANUTUP	75
A. Dudutan	75
B. <i>Implikasi</i>	76
C. Pamrayogi.....	76
DAFTAR PUSTAKA	77
LAMPIRAN.....	79

DAFTAR TABEL

Kaca

<i>Tabel 1.</i> Tuladha <i>kartu Data</i> asiling panaliten panambang ing cerkak wonten kalawarti Sempulur warsa 2011-2012.....	37
<i>Tabel 2.</i> Tuladha <i>Tabel Analisis Data</i> asiling panaliten panambang ing cerkak wonten kalawarti <i>Sempulur</i> warsa 2011-2012.....	38
<i>Tabel 3.</i> Tuladha <i>tabel asiling</i> panaliten panambang ing cerkak wonten kalawarti Sempulur warsa 2011-2012.....	39
<i>Tabel 4.</i> Panambang ing <i>Cerkak wonten kalawarti Sempulur warsa 2011-2012</i>	41

DAFTAR LAMPIRAN

<i>Data Contoh Panambang ing Cerkak wonten Kalawarti Sempulur warsa 2011-2012.....</i>	Kaca 79
--	------------

Panambang ing Cerkak wonten Kalawarti Sempulur Warsa 2011-2012

**Dening: Shinta Dwi Fitri Astuti
NIM 0920524475**

SARINING PANALITEN

Panaliten menika gadhah kalih ancasipun panaliten ingkang sapisan inggih menika panaliten kangge ngandharaken wujudipun panambang ing cerkak wonten kalawarti sempulur warsa 2011-2012. Kaping kalih inggih menika panaliten kangge ngandharaken ginanipun panambang ing cerkak wonten kalawarti sempulur warsa 2011-2012.

Panaliten menika kalebet panaliten *deskriptif*. Sumbe data ingkang dipunginakaken inggih menika cerkak kalawarti sempulur warsa 2011-2012. *Data* saking panaliten menika awujud panambang. Cara ngempalaken *data* wonten ing panaliten menika kanthi cara maos saha nyerat. *Data* dipungarap kanthi cara analisis *deskriptif*. Caranipun manggihaken *validitas* data ngginakaken *triangulasi teori* saha pamanggihipun para ahli, lajeng kangge manggihaken *reliabilitas* data ngginakaken *reliabilitas stabilitas*.

Asiling panaliten menika wujudipun data panambang wonten ing cerkak kalawarti *Sempulur* warsa 2011-2012, data ingkang dipunpanggihaken inggih menika ukara-ukara, salajengipun dipunklasifikasi supados saged nemtokaken wujud saha ginanipun panambang. Cerkak ingkang dipuntliti wonten enem (6) cerkak ingkang kaperang dados sekawan edisi. Asiling panaliten dipunlebetaken wonten ing tabel *data analisis*. Saking panaliten menika wonten gangsal (5) panambang inggih menika awujud polimorfemis panambang {-e/-ne} tuladhanipun tembung *atine*, tembung *atine* menika ndhapuk tembung aran. Awujud polimorfemis panambang {-i/-ni} tuladhanipun tembung *nesoni*, tembung *nesoni* menika ndhapuk tembung kriya. Awujud polimorfemis panambang {-a} tuladhanipun tembung *metua*, tembung *metua* menika ndhapuk tembung kriya. awujud polimorfemis panambang {-an} tuladhanipun *subuhan*, tembung *subuhan* menika ndhapuk tembung kriya saha awujud polimorfemis panambang {-na} tuladhanipun *cepakna*, tembung *cepakna* menika ndhapuk tembung kriya.

CEKAKAN

- Fp* : fungsi panambang
Ntar : ndhapuk tembung aran
Ntkr : ndhapuk tembung kriya
Ntkah : ndhapuk tembung kahanan
Sm : sempulur
Tar : tembung aran
Tkah : tembung kahanan
Tkr : tembung kriya
Wp : wujud panambang

PRATELAN TANDA

/	: wates <i>morfem simulfiks</i>
→	: nedahaken proses <i>simulfiks</i>
∧	: nedahaken bagan proses pandhapuking tembung andhahan <i>simulfiks</i>
{...}	: nedahaken ingkang wonten salebeting kurung menika <i>morfem</i>
(...)	: ingkang wonten saebeting kurung menika katrangan tambahan
+	: nedahaken gayutan antawisipun satuan <i>lingual</i>
'...'	: wonten salebeting tanda petik inggih menika makna utawi satuan <i>lingual</i>
“...”	: nedahaken <i>kutipan langsung</i>

BAB 1 PURWAKA

A. Dhasaring panaliten

Basa wonten ing cariyos cerkak Kalawarti Sempulur kalebet basa ingkang sinerat. Basa ingkang sinerat menika kadadosan saking perangan-perangan, wujudipun wacana, *paragraf*, ukara, *klausa*, *frasa*, saha tetembungan. Tetembungan menika kadadosan saking satunggal *morfem* utawi langkung. *Morfem* dipunperang supados kalih inggih menika *morfem bebas* kalihan *morfem ingkang kaiket*, *morfem ingkang kaiket* menika dipunwastani wuwuhan.

Wuwuhan miturut Mulyana (2007: 13) dipunperang dados sekawan inggih menika ater-ater, seselan, panambang saha gabungan (*konfiks*). Panambang inggih menika jinising wuwuhan ing sawingkingipun tembung lingga. Panyeratanipun kedah sumambung rapet kaliyan tembung ingkang mapan ing sisih kiwanipun saha boten saged madeg piyambak.

Mulyana ngandharaken wujudipun panambang menika maneka warni saha wonten ginanipun piyambak-piyambak. Wujudipun panambang inggih menika {-i}, {-a}, {-e}, {-en}, {-an}, {-na}, {-ana} saha {-ake}. Panambang kasebat kapanggihaken wonten ing cerkak kalawarti Sempulur. Wujud panambang menika saged dipuntingali saking tetembungan ingkang sinerat wonten ing cerkak kalawarti sempulur .

Panambang {-i}, {-ake}, {-a}, {-en}, {-na}, saha {-ana}, ginanipun inggih menika wonten ing mujudaken tembung kriya. Panambang {-an} saha {-e} mujudaken tembung kriya saha tembung aran, nanging panambang {-an} saged

mujudaken tembung kahanan. Saking mapinten-pinten wujud saha ginanipun panambang wonten ing nginggil menika minangka sarana wonten ing nemtokaken ginanipun tembung wonten salebeting cerkak kalawarti Sempulur. Tuladhanipun wonten ngandap menika.

Kuburan ambyar ing mangsa rendheng, Maejan sigar nyirnakake urip peteng, bareng muluking kukus dupa ngawiyati, musna,, Angronce wangine kembang mlathi gegayuhan luhur.(SME2,2012/CK45/P58/K1)

Tembung “*kuburan*” inggil menika saking tembung lingga “kubur” pikantuk panambang {-an} dados “*kuburan*”. Tembung “*kuburan*” mujudaken tembung aran tegesipun panggonan kangge tiyang pejah.

Andharan ing nginggil minangka dhasar panaliten ingkang badhe dipuntindakaken, panaliten menika ngrembag bab wujud saha ginanipun panambang wonten ing cerkak kalawarti Sempulur. Cerkak wonten salebeting kalawarti Sempulur menika prelu dipuntaliti amargi supados nggampilaken sinauni bab panambang wonten cerkak mliginipun cerkak wonten ing kalawarti Sempulur. Satemah panaliten ingkang badhe dipuntindakaken irah-irahanipun ”Panambang ing Cerkak Kalawarti Sempulur warsa 2011-2012”.

B. Underaning Prakawis

Adhedhasar dhasaring panaliten ing nginggil underaning prakawisipun inggih menika;

1. badhe ngandharaken tetembungan ingkang ngginakaken maneka warni wuwuhan wonten Cerkak ing Kalawarti Sempulur warsa 2011-2012;
2. badhe ngandharaken panambang minangka salah satunggaling jinis wuwuhan wonten ing cerkak kalawarti Sempulur warsa 2011-2012;

3. badhe ngandharaken wujudipun panambang wonten cerkak kalawarti *Sempulur* warsa 2011-2012;
4. badhe ngandharaken ginanipun panambang wonten cerkak kalawarti *Sempulur* warsa 2011-2012.

C. Watesaning Prakawis

Watesaning prakawis Panambang ing Cerkak Kalawarti Sempulur warsa 2011-2012 inggih menika naliti wujuding panambang saha ginanipun panambang wonten ing cerkak kalawarti sempulur. Wujudipun panambang inggih menika panambang {-i}, {-a}, {-e}, {-en}, {-an}, {-na}, {-ana} saha {-ake}. Panambang {-i}, {-ake}, {-a}, {-en}, {-na}, saha {-ana}, ginanipun inggih menika mujudaken tembung kriya. Panambang {-an} saha {-e} mujudaken tembung kriya saha tembung aran, nanging panambang {-an} saged mujudaken tembung kahanan.

D. Wosing Prakawis

Adhedhasar watesaning perkawis wosing prakawisipun inggih menika;

1. Kadospundi wujud panambang wonten cerkak kalawarti Sempulur warsa 2011-2012;
2. kadospundi ginanipun panambang wonten cerkak kalawarti Sempulur warsa 2011-2012;

E. Ancasing Panaliten

Ancasing panaliten Panambang ing Cerkak Kalawarti Sempulur warsa 2011-2012 inggih menika;

1. ngandharaken wujuding panambang wonten ing cerkak kalawarti Sempulur warsa 2011-2012;

2. ngandharaken ginanipun panambang wonten ing cerkak kalawarti Sempulur warsa 2011-2012.

F. Paedahing Panaliten

Paedahing panaliten panambang ing Cerkak Kalawarti Sempulur warsa 2011-2012 kaperang dados kalih inggih menika paedah teoritis saha paedah praktis;

1. paedah teoritis panaliten menika saged nggunggung kawruh babagan *morfologi* mliginipun babagan panambang inggih menika wonten ing cerkak kalawarti Sempulur warsa 2011-2012;
2. paedah praktis panaliten menika, sageda mbiyantu pamaos mliginipun pangangge basa Jawi saha masarakat wonten ing sinau saha gladhen damel tembung panambang.

G. Pangertosan

Pangertosan adhedhasar irah-irahan panambang ing Cerkak Kalawarti Sempulur warsa 2011-2012 ngandhap menika;

1. kalawarti *Sempulur* menika kalawarti ingkang dipunterbitaken dening Dinas Kebudayaan Daerah Istimewa Yogyakarta. Kalawarti *Sempulur* kababar kaping sekawan setunggal taun, panaliten menika ngginakaken Kalawarti Sempulur warsa 2011-2012;
2. cerkak inggih menika salah satunggaling karya satra cariyos ingkang ngandharaken samukawis ingkang *fiktif*.
3. Panambang utawi *akhiran (sufiks)* inggih menika wuwuhan ingkang dumunung ing sawingkingipun tembung. Panyeratanipun kedah sumambung

raket kalihan tembung lingganipun (*serangkai*) saha boten saged dipunpisah.
Panambang ing basa Jawi inggih menika {-i}, {-a}, {-e}, {-en}, {-an}, {-na},
{-ana}, saha {-ake}.

BAB II GEGARAN TEORI

A. *Morfologi*

Morfologi menika saking basa Yunani, inggih menika *morpho* tegesipun wujud saha *logos* tegesipun ngelmu (Kalibi lumantar Mulyana, 2007: 5). Miturut Mulyana (2007: 5), *morfologi* inggih menika *cabang* ngelmu *linguistik* ingkang nyinaoni babagan susunan utawi perangan-perangan tembung kanthi cara *gramatikal*. Pangertosan menika jumbuh kalihan andharanipun Verhaar (1995: 97), inggih menika *morfologi* minangka *cabang linguistik* ingkang ngandharaken perangan dhasar basa kanthi *gramatikal*. Magepokan kalihan *satuan gramatikal*, Nurhayati saha Mulyani (2006: 64) ngandharaken bilih *morfologi* menika wonten kalih *satuan gramatikal*, *satuan gramatikal* ageng inggih menika tembung saha *satuan gramatikal* ingkang alit inggih menika morfem.

Soeparno (2003: 72) ngendikakaken *morfologi* minangka peranganing basa ingkang ngrembag babagan wujud saha anggenipun mujudaken tembung. Jumbuh kalihan Samsuri (1988: 34), *morfologi* minangka peranganing ngelmu basa ingkang ngrembag bab tembung saha caranipun mujudaken tembung. Tembung saged dipun-ewahi kanthi tigang cara, inggih menika (1) ngewahi wujud dhasar, (2) ngangge cara tartamtu wonten ing ngewahi, saha (3) tembung enggal asiling ewahan.

Ramlan (1988: 15) ngandharaken *morfologi* menika perangan saking ngelmu basa ingkang nyinau *seluk beluk* tembung sarta ewahipun wujud tembung saklajengipun Nurhayati (2001: 2) mratelakaken *morfologi* inggih menika

“cabang linguistik yang membicarakan atau mengidentifikasi seluk beluk pembentukan kata”.

Morfologi inggih menika cabang linguistik ingkang mratelakaken babagan *seluk beluk* pandhapuking tembung. Tuladhanipun inggih menika awan, abang, lunga, lima.

Menawi dipun-analisis sedaya pamanggih ngengingi pangertosan *morfologi*, kathah para ahli ngandharaken bilih *morfologi* menika minangka salah satunggaling *cabang* saking ngelmi basa *linguistik*, kathahipun pangertosan menika ngandharaken bilih bidang *kajian morfologi* menika inggih saking *seluk-beluk* pandhapuking tembung. Saking *analisis* menika saged dipunpendhet dudutanipun ngengingi pangertosan *morfologi* inggih menika cabang *linguistik* ingkang ngrembag wujud kaliyan proses pandhapuking tembung. Proses pandhapuking tembung menika sambet-sinambet kaliyan ewah-ewahan wujud tembung menika dhateng *wujudipun* tembung saha *fungsi*ipun.

Gegayutan kalihan panaliten ingkang badhe dipuntindakaken ngrembag panambang ing cerkak wonten kalawarti Sempulur warsa 2011-2012 jumbuh kalihan bidang kaji *morfologi*. Satemah menika wonten ing dhasar panaliten ingkang badhe dipuntindakaken.

B. Proses Morfologi

Proses morfologi inggih menika proses ewah-ewahaning tembung saking wujud aslinipun supados wujud sanes (Ramlan, 2001: 51). Saking andharan menika saged dipunmangertosi bilih *proses morfologi* inggih menika proses pandhapuking tembung. Samsuri (1988: 190) ugi ngandharaken bilih cara

pandhapuking tembung-tembung kanthi nggabungaken *morfem* setunggal kaliyan *morfem* sanesipun dipunwastani *proses morfologi*. Andharan menika menawi dipunpirsani, saged dipundudut bilih *proses morfologi* inggih menika pandhapukipun tembung kanthi cara ngraketaken *morfem* setunggal kaliyan *morfem* sanesipun. Pandhapukipun *morfem* kasebut nuwuhaken teges ingkang beda kaliyan wujud asalipun.

Sudaryanto wonten ing Mulyana (2007: 17) mratelakaken proses *morfologi* umumipun dipunperang dados tiga inggih menika *afiksasi*, *reduplikasi* saha *pemajemukan*. Langkung jangkep Sudaryanto (1992: 18) paring pangandikan *proses morfologi* menika pandhapuking tembung kanthi ngewahi wujud dhasaripun ingkang awujud *morfem leksikal*. Pandhapukipun tembung menika kanthi cara ngraketaken *morfem leksikal* kalihan *morfem terikat*.

Saking andharan para ahli ing nginggil dudutan bilih prproses *morfologi* menika pandhapuking tembung, inggih menika ewah-ewahaning tembung kanthi cara ngraketaken *morfem leksikal* kaliyan *morfem terikat*. Proses *morfologi* menika wujudipun wonten tiga inggih menika *afiksasi*, *reduplikasi*, saha *komposisi*. Wondene katranganipun supados wonten ing ngandhap menika :

1. Afiksasi (Wuwuhan)

Miturut Antunsuhono (1960: 14) asilipun *afiksasi* wonten basa Jawa dipunsebut tembung andharan, tegesipun tembung lingga menika owah amargi pikantuk wuwuhan ingkang manggon wonten ngajeng (ater-ater), tengah (seselan), lan mburi (panambang). Pamanggih menika laras kaliyan andharanipun Poedjosoedarmo (1979: 6) ingkang nerangaken bilih *Afiksasi* (wuwuhan) inggih

menika *proses* pandhapukipun tembung kanthi ngraketaken *afiks* wonten ing ngajeng, tengah, saha wingkingipun saking tembung lingga.

Wuwuhan salebeting basa Jawi miturut Nurhayati saha Siti Mulyani (2006: 70) gunggungipun wonten gangsal, inggih menika *prefiksasi*, *infiksasi*, *sufiksasi*, *konfiksasi*, saha *Simulfiks* (*afiks gabung*). Sasangka (2001:36) ngginakaken istilah imbuhan bebarengan wonten ing mastani *konfiks*. Ing ngandhap menika badhe kaandharaken wuwuhan kanthi langkung jangkep.

1) Ater-ater (*Prefiksasi*)

Prefiksasi inggih menika proses muwuhaken *afiks* wonten ing sakngajengipun tembung lingga. Miturut Nurhayati (2001:13) *prefiksasi* inggih menika *proses* muwuhaken *morfem* tunggal utawi *kompleks* wonten sakngajenging tembung lingga. Jinising ater-ater wonten basa Jawi kathah wujudipun. Tuladhanipun wuwuhan {*di-*}, {*ka-*}, {*ke-*}, {*sa-*}, {*pa-*}, {*pi-*}, {*dak-/tak-*}, {*kok-/tok-*}, *N-* {*n-*, *ny-*, *m-*, *ng-*}. Tuladhanipun kados tembung aklambi, dipangan, katulis, kegepuk, saomah, pawarta, pitakon, daksiram, koksapu, ndelok, nyucuk, medang, nggotong.

$$\{\text{Klambi}\} \longrightarrow \{\text{a-}\} + \{\text{klambi}\} \longrightarrow \{\text{aklambi}\}$$

2) Seselan (*infiksasi*)

Wuwuhan ingkang manggenipun wonten satengahing tembung lingga dipunwastani seselan. Seselan menika cacahipun mboten kathah kadosdene ater-ater, Miturut andharanipun Nurhayati (2001:23) seselan wonten basa Jawi cacahipun namung wonten 4 *morfem* inggih menika {*-in-*}, {*-um-*}, {*-er-*}, kaliyan

{-el-}. Seselan {-in-} ndhapuki *fungsi* tembung kriya *pasif*. Tuladha tembungipun inggih menika ginambar, tinampa, sumunar, cerongat, keluruk.

{Gambar} → {-in} + {gambar} → {ginambar}

3) Panambang (*sufiksasi*)

Wuwuhan ingkang raketipun wonten ing sawingkinging tembung lingga inggih menika dipunarani panambang utawa *sufiksasi*. Miturut Nurhayati (2001:25) Panambang wonten basa Jawi wujudipun inggih menika {-i}, {-ake}, {-a}, {-en}, {-na}, {-ana}, saha {-an}, {-e}. Panambang {-i} saha {-ake} kathahipun kapadosaken wuwuhan ingkang manggone sesarengan kadosdene *simulfiks* saha *konfiks*. Tegesipun panambang menika dipunwuwuhaken sesarengan dhateng sawijining tembung lingga. Tuladhanipun nglegani, diuwongake, lungaa, abangen, paculna, sebutana, jagongan, wayahe.

{pacul} → {pacul} + {-na} → {paculna}

4) *Konfiksasi*

Konfiksasi inggih menika proses muwuhaken *afiks* ingkang awujud *konfiks* (*prefiks* saha *sufiks*). Tegesipun menawi muwuhi tembung menika ater-ater saha panambang kedah dipunraketaken sesarengan dhateng tembung lingganipun. Tuladhanipun tembung *tiba* pikanthuk wuwuhan *konfiks* {ke-/an} mujudaken tembung *ketiban*, tembung *abang* pikanthuk wuwuhan *konfiks* {N-(m-)/i} mujudaken tembung *ngabangi*, lan sapanunggalipun. Wonten basa Jawi *konfiks* menika cacahipun kathah antawisipun {ke-/an}, {N-/i}, {di-/ake}, {di-/i}, {pa-/an}, lan sapanunggalipun.

{tiba} → {ke-/an} + {tiba} → {ketiban}

5) *Simulfiks*

Simulfiks inggih menika *proses* muwuhaken *afiks* ingkang wujudipun wuwuhan gabung, tegesipun kados awujud gabungan saking ater-ater saha panambang utawa seselan saha panambang ingkang rumaket wonten tembung lingga. Tuladhanipun *afiks* {N-/ake} ingkang dipunraketaken dhateng tembung *jupuk* mujudaken tembung *njupukake*, saklajengipun tembung *jupuk* pikanthuk *afiks* {di-/i} nsupadosaken tembung *dijupuki*, lan sapanunggalipun. Wonten basa Jawi wuwuhan gabung *simulfiks* menika maneka warni antawisipun {N-/ake}, {di-/i}, {di-/ake}, {N-/i}, {ka-/an}, {pa-/an}.

Limrahipun wuwuhan gabung *simulfiks* kaliyan *konfiks* menika kathah ingkang mirsani wuwuhan menika sami, ananging sejatinipun beda. Bedanipun inggih menika *konfiks* anggenipun muwuhi tembung menika, ater-ater saha panambang kedah dipunraketaken sesarengan dhateng tembung lingganipun, wondene wuwuhan gabung *simulfiks* menika caranipun muwuhaken dipuntindakaken kanthi cara gegantosan utawa selang-seling (setunggal boko setunggal). Langkung kathahipun wuwuhan gabung *simulfiks* menika badhe dipunrembag wonten andharan babagan *simulfiks* salajengipun. Tuladhanipun *simulfiks* inggih menika ditulis, diparani.

2. **Reduplikasi (Tembung Rangkep)**

Proses morfologi ingkang kaping kalih inggih menika *reduplikasi*. Wonten paramasastra Jawi *reduplikasi* menika sami kaliyan tembung rangkep. Wonten basa Jawi tembung rangkep inggih menika proses pandhapuking tembung kanthi

ngambali sedaya utawa sakperangan saking tembung lingganipun (Wedhawati, 2006:41).

Tembung rangkep wonten basa Jawi miturut Endang Nurhayati (2001: 39-47) saged dipunperang supados 7 inggih menika; tembung dwilingga, tembung dwilingga salin swara, tembung dwipurwa, tembung dwipungkasan, tembung rangkep kanthi muwuhi *afiks*, tembung rangkep semu, *reduplikasi semantik* utawa saroja rangkap.

1. Dwilingga

Dwilingga inggih menika ngambali kanthi wantah morfem dhasar utawi tembung lingganipun. Tembung rangkep nggadhahi fungsi kangge dhapak tembung ingkang sipatipun tunggal dados polis aha mgewahi jinisipun. Tuladhanipun inggih menika ayu-ayu, esuk-esuk, buku-buku, udan-udan.

$$\{\text{Udan}\} \longrightarrow \{\text{udan}\} + \text{R (rangkep)} \longrightarrow \{\text{udan-udan}\}$$

2. Dwilingga salin swara

Dwilingga salin swara inggih menika proses ngewahi tembung dados tembung rangkep ingkang ngewahi swanten saking tembung lingga ingkang dipunambali. Ewahaning swanten saged mapan wonten ngajeng utawi wingking saking sawijining morfem. Tuladhanipun inggih menika bola-bali, ika-iki.

$$\{\text{iki}\} \longrightarrow \{\text{iki}\} + \text{R} \longrightarrow \{\text{ika-iki}\}$$

3. Dwipurwa

Dwipurwa inggih menika proses ngrangkep ingkang wujud rangkep fonemisipun sami kaliyan wujud fonemis awal bentuk dhasaripun. Proses dwipurwa menika ndhapuk wontenipun teges *jamak* saha kuantitas. Adatipun fonem wonten silabe ingkang dipunambali dipunewahi dados fonem /e/. Tuladhanipun inggih menika rereged, saking tembung lingga reged ingkang dipunrangkep wonten ing wiwitaning tembung saengga dados rereged.

4. Dwipungkasan

Dwipungkasan inggih menika proses rangkep silabe akhir ingkang dipunambali wonten sawingkinging silabe akhir. Tuladhanipun inggih menika nyengenges, njegeges, nyemimih.

$$\{\text{Nyemih}\} \longrightarrow \{\text{nyemih}\} + \text{R} \longrightarrow \{\text{nyemimih}\}$$

5. Rangkep kanthi wuwuhan

Rangkep kanthi wuwuhan inggih menika proses ndhapuk tembung rangkep kanthi muwuhaken wuwuhan wonten tembung rangkepipun. Wuwuhan ingkang saged dipunwuwuhaken inggih menika ater-ater sarta panambang. Tuladhanipun inggih menika sadalan-dalan, cecekeran.

$$\{\text{dalan}\} \longrightarrow \{\text{sa-}\} + \{\text{dalan}\} + \text{R} \longrightarrow \{\text{sadalan-dalan}\}$$

6. Rangkep semu

Rangkep semu inggih menika tembung ingkang katingal kados ngalami proses rangkep ananging menika tembung lingga utawi lingga andhahan. Wonten kasus menika tembung boten ngalami ewah-ewahan.

Tembung menika nggadhahi setunggal teges kemawon. Tuladhanipun inggih menika ali-ali, undur-undur, alen-alen.

7. Rangkep semantik

Rangkep semantik inggih menika nggabungaken kalih tembung ingkang nggadhahi teges sami. Wonten basa Jawi bentuk menika asring dipunwastani wujud saraja. Proses menika boten ngewahi jinising tembung. Tuladhanipun inggih menika tembung andhap asor, teguh santosa.

3. *Komposisi* (Tembung Camboran)

Wonten basa Jawi, *komposisi* menika dipunwastani Tembung Camboran. Sasangka (1989: 79) mratelakaken bilih *proses komposisi* menika *proses* kalih tembung utawa langkung ingkang dipunraketaken supados setunggal tembung enggal ugi gadhah teges enggal. Saking andharan ahli menika saged kadudut bilih Tembung Camboran (*komposisi*) dipunmangertosi *proses* ngraketaken kalih *morfem* dasar ingkang gadhah wuwuhan utawa mboten ingkang ngasilaken tembung enggal utawa makna enggal.

Tembung Camboran wonten basa Jawi nggadhahi kalih jinis, kekalih jinisipun wonten ing ngandhap menika:

a) Tembung Camboran Wutuh

Pangertosan tembung camboran wutuh inggih menika tembung camboran ingkang pandhapukipun kesupadosan saking wujud lingga ingkang wutuh. Tuladha saking tembung camboran wutuh kados raja lele, lembah manah, tepaslira, semar mendem.

b) Tembung Camboran Tugel

Pangertosan tembung camboran tugel inggih menika tembung camboran ingkang pandhapukipun kesupadosan saking wujud lingga ingkang dipunccekakaken. Tuladha saking tembung camboran tugel kados dhegus (gedhe lan bagus), dubang (idu lan abang), lunglit (balung lan kulit), lsp.

C. Peranganing Morfologi

1. Morfem

Morfem inggih menika perangan *gramatik* ingkang langkung alit saha boten ngewrat perangan sanes minangka peranganipun (Ramlan,1987: 32). Pangertosan menika jumbuh kalihan andharanipun Alwasilah (1985: 101), bilih morfem minangka perangan ingkang alit ingkang ngewrat teges. Soeparno (2003: 91) ugi ngandharaken morfem inggih menika wujud *gramatikal* ingkang langkung alit. Dene miturut andharanipun Chaer (1994: 149), morfem inggih menika wujud ingkang sami saha saged mujudaken perangan sanes kanthi makaping-kaping. Satemah *morfem* menika perangan gramatik ingkang alit.

Wuwuhan menika wonten ing ngraketaken satunggaling perangan dhateng perangan sanesipun. *Morfem* menawi dipuntingali saking wujudipun, kaperang supados kalih inggih menika tunggal saha *komplek (polimorfemis)*, wonten ing tata tembung wujud tunggal saged dipunwastani *morfem* tunggal. Wondene, ingkang wujud *komplek* dipunwastani morfem *kompleks*.

Wujud tunggal minangka wujud ingkang boten saged dipundamel perangan ingkang langkung alit malih. Wondene, wujud *kompleks* saged kaperang supados perangan ingkang langkung alit.

Adhedhasar wujudipun, *morfem* dipunpilah dados morfem asal (pangkal), *morfem* dhasar, saha *morfem* asiling wewujudan utawi turunan. *Morfem* asal inggih menika *morfem* ingkang bebas (lingga), *morfem* dhasar inggih menika *morfem* ingkang saged rumaket kaliyan *morfem* sanes, inggih menika kados wuwuhan, *klitika*, saha wujud dhasar saking sanesipun utawi kanthi camboran (Nurhayati saha Mulyani, 2006: 64).

Saking andharan nginggil dudutan bilih *morfem* minangka perangan *gramatik* ingkang alit, mujudaken perangan sanes kanthi makaping-kaping saha ngewrat teges. Morfem menika wonten kalih inggih menika morfem bebas lan morfem ingkang kaiket. Menawi dipuntingali saking wujudipun, *morfem* kapilah supados morfem asal (pangkal), *morfem* dhasar, saha *morfem* asiling wewujudan utawi turunan. Utawi lajeng saking andharan para ahli menika saged kadamel dudutan bilih tembung inggih menika *satuan* basa ingkang langkung alit, saged madeg piyambak saha gadhah teges. Tembung wonten ing basa Jawa dipunbedakaken adhedhasar wujud saha jinisipun.

2. Tembung

Miturut Wedhawati (2006: 37) tembung inggih menika satuan lingual ingkang langkung alit ing tata ukara. Kawontenan tembung saged wonten ing *deskripsi morfologi* utawi *deskripsi sintaksis*. Wonten ing *sintaksis*, tembung inggih menika satuan lingual bebas ingkang paling alit. Tuladhanipun inggih menika wong, bocah, turu.

Nurlina, dkk (2004: 8) mratelakake tembung inggih menika satuan basa ingkang saged madeg piyambak, kadadosan saking *morfem* tunggal utawi

gabungan *morfem*. Miturut Chaer (1994: 162), tembung inggih menika satuan basa ingkang nggadhahi satunggal pangertosan ; utawi tembung menika deretan huruf ingkang dipunapit kalih *spasi* lan nggadhahi satunggal pangertosan. Tembung ugi saged dipunsebat *morfem* bebas.

Sasangka (2001: 34) nggadhahi pamanggih bilih tembung inggih menika reroncening swanten ingkang dipunwedharaken saking lebeting lisan ingkang nggadhahi teges. Tegesipun, reroncening swanten ingkang medal saking lisan ingkang boten wonten tegesipun menika boten dipunwastani tembung. Tuladhanipun bom, gong, pari, rekasa, saha kulina. Pangertosan salajengipun dipunandharaken Antunshono (1956: 13) ingkang ngandharaken bilih tembung lingga menika sadaya tembung ingkang dereng ewah saking asalipun. Saking andharan para ahli ing nginggil saged kadamel dudutan bilih tembung lingga menika tembung ingkang wetah, ingkang dereng rinaketan menapa-menapa utawi sadaya tembung ingkang dereng ewah saking asalipun.

Subalidinata, Sasangka (2001: 36) ngandharaken bilih tembung andharan inggih menika tembung ingkang sampun ewah saking lingganipun amargi pikantuk wuwuhan. Wuwuhan utawi *afiks* wonten basa Jawi wujudipun wonten sekawan, inggih menika ater-ater, seselan, panambang, saha wuwuhan sesarengan.

1) Ater-ater

Miturut Sasangka (2001: 36), ater-ater inggih menika wuwuhan ingkang mapan wonten ing wiwitaning tembung. Pangertosan menika sami kaliyan pangertosan Subalidinata (1994: 2). Wonten ing ngelmu basa ater-ater lumrahipun sinebut *awalan* utawi *perfiks*.

Sasangka (2001: 36) salajengipun ngandharaken bilih ater-ater basa Jawa cacahipun wonten kathah inggih menika : *ater-ater anuswara, ater-ater a-, ka-, di-, sa-, pa anuswara-, pi-, pri-, pra-, tar-, kuma-, kami-, saha kapi-*. Ater-ater menika anggenipun nyerat sumambung utawi rinaket kaliyan tembung lingganipun.

Saking andharan ing nginggil menika saged kadamel dudutan bilih ater-ater inggih menika wuwuhan ingkang mapanipun wonten ing wiwitaning tembung lingga utawi wonten ing sisih kiwanipun tembung lingga saha anggenipun nyerat sumambung utawi gandheng kaliyan tembung lingganipun. Ater-ater menika wonten 17, antawisipun : *ater-ater anuswara, ater-ater a-, ka-, di-, sa-, pa anuswara-, pi-, pri-, pra-, tar-, kuma-, kami-, saha kapi-, ma-, dak/tak-, kok/tok-*.

2) Seselan

Sasangka (2001: 51) ngandharaken seselan (*infiks*) inggih menika wuwuhan ingkang kadunungaken ing tengah. Wujudipun seselan ing basa Jawa cacahipun wonten sekawan inggih menika *-um, -in, -er saha el*. Andharanipun Sasangka menika jumbuh kalihan Subalidinata (1994: 32) saha Mulyana (2011: 16). Dipunsebat seselan amargi wuwuhan menika dumunung wonten ing madyaning tembung.

3) Wuwuhan sesarengan

Sasangka (2001: 75) ngandharaken wuwuhan sesarengan menika wuwuhan ingkang awujud ater-ater (*prefiks*) saha panambang (*sufiks*) ingkang dipunraketaken ing tembung lingga kanthi sesarengan. Wuwuhan menika dipunperang supados kalih, inggih menika wuwuhan sesarengan rumaket utawi

konfiks saha wuwuhan sesarengan boten rumaket. Ingang kalebet wuwuhan sesarengan rumaket utawi *konfiks* inggih menika *ka- -an, ke- -en, pa- -an, paa -an, saha pra- -an*. Wuwuhan sesarengan boten rumaket wonten ing basa Jawa menika antawisipun *a- -i, a- -a, a- -ake, a- -ana; di- -i, di- -a, di- -ake, di- ana; -in- -i, -in- -ake, -in- -ana, sa- -e*.

3. Jinising tembung

Wedhawati (2006: 37) mratelakaken pangertosan tembung inggih menika satuan lingual paling alit wonten ing tata ukara. Wondene Ramlan (wonten ing Mulyana, 2007: 12) ngandharaken bab ingkang gegayutan kaliyan wujuding tembung inggih menika satuan lingual basa ingkang kaperang saking satunggal morfem utawi langkung saking satunggal morfem. Bab jinising tembung wonten ing basa jawa dipunandharaken dening Suhono kaliyan Padmosoekotjo (wonten ing Mulyana, 2007: 38) jinising tembung menika dipunperang supados sedasa kadadosan wonten ing ngandhap menika

1. Tembung aran

Tembung aran inggih menika tembung ingkang mratelakaken namaning barang utawi menapa kemawon ingkang dipunanggep barang. Adatipun tembung aran menika saged sumambung kaliyan tembung ‘dudu’ utawi ‘ana’, saha boten saged sumambung kaliyan tembung ‘ora’. Tuladhanipun inggih menika watu, manggis, saha dhemit.

2. Tembung kriya

Tembung kriya inggih menika tembung ingkang mratelakaken salah bawa utawi tumindak. Tembung kriya ugi saged ngemu teges lumakuning kaanan.

Tembung kriya ingkang mratelakaken tandhang gawe inggih menika mbalang, nendhang, ngantem, saha njiwit. Wondene tembung kriya ingkang mratelakaken lumakuning kaanan kadosta mecah, mbledos, saha kempes. Tembung kriya saged dipunperang supados kalih inggih menika kriya tanduk saha kriya tanggap. Tembung kriya tanduk inggih menika tembung kriya ingkang jejeripun supados paraga. Tembung kriya tanggap inggih menika tembung kriya ingkang jejeripun supados sasaran. Tuladhanipun inggih menika ayu, pinter.

3. Tembung katrangan

Tembung katrangan inggih menika tembung ingkang nerangaken tembung sanesipun. Tembung katrangan menika saged nerangaken tembung aran, kriya, sifat, wilangan, saha ugi saged nerangaken tembung katrangan. Tembung katrangan ingkang nerangaken tembung katrangan menika sami kemawon kaliyan tembung katrangan ingkang dipuncamboraken kaliyan tembung katrangan sanes. Tembung katarangan menika namung winates kadosta tembung arep, anggone, banget, saha dudu. Tuladhanipun inggih menika dudu, durung.

4. Tembung kahanan

Tembung kahanan, ingkang ugi sinebut tembung watak utawi tembung kaanan inggih menika tembung ingkang mratelakaken kaanan utawi watak sawijining barang utawi bab. Tembung kahanan saged dipunbedakaken supados kalih inggih menika tembung watak saha tembung kaanan. Tembung kahanan menika saged sumambung kaliyan tembung ‘luwih’, ‘rada’, ‘paling’, saha saged ugi sumambung kaliyan tembung ‘banget’.

5. Tembung sesulih

Tembung sesulih inggih menika tembung ingkang dipunginakaken minangka sesulih tiyang, barang, utawi menapa kemawon ingkang dipunanggep barang. Tembung sesulih menika wonten enem werni, inggih menika tembung purusa, pandarbe, panuduh, pitakon, panyilah, saha sadengah.

6. Tembung wilangan

Tembung wilangan inggih menika tembung ingkang mratelakaken gunggungipun barang. Tembung wilangan menika saged dipunginakaken ngetang gunggungipun tiyang, barang, kewan, saha salah satunggaling bab. Tembung wilangan menika saged, dipunperang supados tiga, inggih menika wilangan babon, wilangan susun, wilangan pecahan. Tuladhanipun inggih menika sewelas, sacuil, kapitu.

7. Tembung panggandheng

Tembung panggandheng inggih menika tembung ingkang gunanipun wonten ing nggandhengaken ukara setungal kaliyan ukara sanesipun supados ukara menika supados langkung dawa. Tembung panggandheng ugi saged wonten ing utawi nggandhengaken tembung setungal kaliyan setungalipun ing sawijining frasa. Tuladhanipun sawise, sadurunge, saha nalika. Tembung panggandheng saged dipunbedakaken supados kalih, inggih menika panggandheng salebeting ukara kaliyan sanjawinipun ukara.

8. Tembung ancer-ancer

Tembung ancer-ancer inggih menika tembung ingkang ginanipun wonten ing ngancer-nganceri papan utawi ngancer-anceri tembung aran. Tembung acer-

ancer menika tansah mapan wonten ing sakngajengipun tembung aran utawi tembung sifat. Tembung ancer-ancer menika gunggungipun winates. Tuladhanipun tembung ing, kanggo, karo, saha dening.

9. Tembung panyilah

Tembung panyilah inggih menika tembung ingkang dipunginakaken wonten ing nyilahaken patrap, barang utawi sawijining bab. Tembung panyilah tansah dumunung wonten ing sisih kiwanipun tembung ingkang dipunsilah saha tembung menika gunggungipun winates. Inggih kalebet tembung panyilah inggih menika si, sang, sri, ingkang, sing, saha para.

10. Tembung panyeru

Tembung panyeru inggih menika tembung ingkang nggambaraken wedharipun raos seneng, raos kaget, raos kuciwa, raos kagelan, raos sisah, saha raos gumun. Tembung panyeru ugi wonten ingkang ngarani tembung lok. Tembung menika saged ngrumiyini ukara saha saged madeg piyambak. Inggih kalebet tembung panyeru inggih menika adhuh, ah, he, lho, lha, o, oh, nah, wah, hah, heh, hus, huh, hi, sokur, hore, iyung, walah, tobat, eman, halo, yahud.

D. Pandhapuking Tembung Basa Jawa

Pandhapuking *morfologi* menika ngewahi tembung, miturut Sudaryanto (1992: 15) pandhapuking *morfologi* menika proses ngewahi tembung kanthi runtut ingkang kagungan teges enggal.

Samsuri (1988: 190) ngandharaken pandhapuking *morfologi* menika minangka cara wonten ing mujudaken tetembungan kanthi nggayutaken antawis setunggal *morfem* dhateng *morfem* sanes. Pangertosan menika jumbuh kaliyan

pamanggihipun Ramlan (1987: 51), bilih pandhapuking *morfologi* menika cara anggenipun wujudaken tetembungan. Pandhapuking *morfologi* ing basa Jawi kanthi cara *afiksasi, rangkepan, saha pemajemukan* (Sudaryanto, 1991: 18).

E. Panambang

1. Pangertosan

Miturut Mulyana (2007: 20), Panambang utawi *akhiran (sufiks)* inggih menika wuwuhan ingkang dumunung ing sawingkingipun tembung. Panyeratanipun sumambung kalihan tembung lingganipun utawi wujud dhasar. Panambang menika saged ngewahi teges saking tembung lingganipun.

Miturut Sasangka, (2001: 56), panambang utawi *akhiran {sufiks}* inggih menika wuwuhan ingkang dumunung ing sawingkingipun tembung. Panyeratanipun kedah kasambung rapet (serangkai) kaliyan tembung ingkang wonten ing sisih kiwanipun saha boten kenging kapisah. Panambang ing basa Jawi antawisipun: {-i}, {-a}, {-e}, {-en}, {-an}, {-na}, {-ana}, {-ane}, lan {-ake}.

Saking andharan para ahli menika saged kadamel dudutan bilih panambang (*sufiks*) inggih menika wuwuhan ingkang mapanipun wonten ing pungkasaning tembung lingga. Panambang wonten ing basa Jawa menika antawisipun {-i}, {-a}, {-e}, {-en}, {-an}, {-na}, {-ana}, {-ane}, saha {-ake}.

2. Ginanipun panambang

Miturut Mulyana (2007 : 20), ginanipun panambang dipunperang dados tiga inggih menika ndhapuk tembung kriya, ndhapuk tembung aran saha ndhapuk tembung kahanan. panambang {-i}, {-ake}, {-a}, {-en}, {-na}, {-ana} ndhapuk dados tembung kriya, panambang {-i}, {-ake}, {-a}, {-en}, {-na}, {-ana} menika

biasanipun ndhapuk tembung andhahan ingkang jinisipun tembung aran. Tuladhanipun wonten ing tembung jogedan. Mekaten ugi panambang {-e} ndhapuk tembung andhahan ingkang jinisipun tembung kaanan utawi katrangan. Tuladhanipun wonten ing tembung resike. Beda malih kaliyan panambang {-i} saha {-ake}. Panambang menika langkung asring muwuhi tembung lingga sesarengan kaliyan wuwuhan sanes. Tuladhanipun wonten ing tembung resiki saha takgawakake. Wonten ing tataran basa karma panambang {-ake} ewah dados {-aken} saha panambang {-e} ewah dados {-ipun}.

3. Wujud panambang

Miturut Sasangka, (2001: 56), wujud panambang wonten (9) inggih menika {-i}, {-a}, {-e}, {-en}, {-an}, {-na}, {-ana}, {-ane}, lan {-ake}. Lajeng wonten malih bilih miturut Mulyana (2007: 20) wujud panambang wonten (8) inggih menika {-i}, {-a}, {-e}, {-en}, {-an}, {-na}, {-ana}, {-ake}. Andharanipun miturut Mulyana wonten ngandhap menika.


Wonten ing dhasar ngudhal panambang wonten ing panaliten menika panaliti migunakaken Saklajengipun Proses pandhapuking panambang badhe dipunandharaken mawi sarana *bagan* utawi *diagram* supados gampang dipunmangertosi. Saengga wonten ing perangan asiling panaliten saha pirembagan panaliti ugi ngginakaken bagan menika wonten ing ngandharaken wujud *panambang* ingkang wonten kalawarti sempulur warsa 2011-2012. *Bagan* menika kapendhet saking Ramlan (1997: 141) ingkang dipunwastani unsoa utawi unsur langsung. Proses saha tuladha saking wujud-wujudipun panambang badhe dipunandharaken wonten ngandhap:

a. Panambang {-i}, {-ni}

Sufiks {-i} dipunginakaken wonten ing tembung ingkang pungkasan tembung konsonan, wondene {-ni} dipunginakaken wonten ing tembung ingkang pungkasan tembung awujud vokal.

Tuladha :

- *Sufiks* {-i} dipunginakaken wonten ing tembung ingkang pungkasan tembung konsonan




Bagan 1. Pandhapuking panambang 'mendeti' (Mulyana 2007 : 21)

(bagan kapendhet saking Ramlan, 1997)

Saking andharan ing nginggil saged dipuntingali bilih tembung '*mendheti*' menika saking tembung lingga *pendhet* lajeng pikantuk panambang {-i} pramila dipunserat '*mendheti*'. Tegesipun tembung '*mendheti*' inggih menika mundhut barang-barang ingkang dhawah. Wujudipun panambang {-i} wonten ing nginggil saged dipuntingali wonten tembung '*mendheti*'. Tembung '*mendheti*' menika kadadosan saking kalih morfem inggih menika saking tembung lingga *pendhet* dipunraket dening morfem {-i} wonten ing wingkingipun. Pramila morfem {-i} menika kalebet wujud saking panambang {-i}.

- Panambang {-ni} dipunginakaken wonten ing tembung ingkang pungkasan tembung awujud vokal.



Bagan 2. Pandhapuking panambang 'nunggoni' (Mulyana 2007 : 21)


(bagan kapendhet saking Ramlan, 1997)

Saking andharan ing nginggil saged dipuntingali bilih tembung '*nunggoni*' menika saking tembung lingga *tunggu* lajeng pikantuk panambang {-ni}, pramila dipunserat '*nunggoni*'. Tegesipun tembung '*nunggoni*' inggih menika ngentos. Wujudipun panambang {-ni}, wonten ing nginggil saged dipuntingali wonten tembung '*nunggoni*'. Tembung '*nunggoni*' menika kadadosan saking kalih morfem inggih menika tembung lingga *tunggu* dipunraketi dening morfem {-ni}, wonten ing wingking. Pramila morfem {-ni}, menika kalebet wujud saking panambang {-ni}.

b. Panambang {-a}

Panambang {-a} dipunginakaken wonten ing damel tembung kriya *imperative* ing basa jawi.

Tuladha:



Bagan 3. Pandhapuking panambang 'tangia' (Mulyana 2007 : 22)

(bagan kapendhet saking Ramlan, 1997)

Saking andharan ing nginggil saged dipuntingali bilih tembung '*tangia*' menika saking tembung lingga *tangi* lajeng pikantuk panambang {-a} supados


saged dipunserat ‘*tangia*’. Tegesipun tembung ‘*tangia*’ inggih menika dipundhawuhi *tangi*. Wujudipun panambang {-a} wonten ing nginggil saged dipuntingali wonten tembung ‘*tangia*’. Tembung *tangia* menika kadadosan saking kalih morfem inggih menika tembung lingga *tangi* dipunraket dening morfem {-a} wonten ing wingking. Pramila morfem {-a} menika kalebet wujud saking panambang {-a}.

c. Panambang {-e}, {-ne}

Panambang {-e} dipunginakaken wonten ing tembung ingkang pungkasan tembung awujud konsonan, wondene {-ne} dipunginakaken wonten ing tembung ingkang pungkasan tembung awujud vokal.

Nalika tembung lingga dipunraketaken kaliyan sufiks {-ne} utawi {-e} wonten ewahan pocapan vokal ing tembung lingganipun ingkang dipunwastani *morfoalofonik* (sanes *morfofonemik*) amargi ewahing pocapan menika, boten sami kaliyan proses morfofonemik. Tegesipun boten saking setunggal fonem dhateng fonem sanesipun.

Tuladha :



Bagan 4. Pandhapuking panambang ‘*bocahe*’ (Mulyana 2007 : 21)

(bagan kapendhet saking Ramlan, 1997)


Saking andharan ing nginggil saged dipuntingali bilih tembung ‘*bocahe*’ menika saking tembung lingga *bocah* lajeng pikantuk panambang {-e} pramila kaserat ‘*bocahe*’. Tegesipun tembung ‘*bocahe*’ inggih menika ngaturaken lare

ingkang dipunmaksud. Wujudipun panambang {-e} wonten ing nginggil saged dipuntingali wonten tembung ‘*bocahe*’. Tembung ‘*bocahe*’ menika kadadosan saking kalih morfem inggih menika tembung lingga *bocah* dipunraket dening morfem {-e} wonten ing wingking. Pramila morfem {-e} menika kalebet wujud saking panambang {-e}.

d. Panambang {-en}

Panambang {-en} kasambung ing tembung lingga kang wusananipun vokal utawi konsonan.

Tuladha :



Bagan 5. Pandhapuking panambang ‘trimanen’ (Mulyana 2007 : 22)


(bagan kapendhet saking Ramlan, 1997)

Saking andharan ing nginggil saged dipuntingali bilih tembung ‘*trimanen*’ menika saking tembung lingga *trima* lajeng pikantuk panambang {-en} pramila kaserat ‘*trimanen*’. Tegesipun tembung ‘*trimanen*’ inggih menika dipuntampi. Wujudipun panambang {-en} wonten ing nginggil saged dipuntingali wonten tembung ‘*trimanen*’. Tembung ‘*trimanen*’ menika kadadosan saking kalih morfem inggih menika tembung lingga *trima* dipunraket dening morfem {-en} wonten ing wingking. Pramila morfem {-en} menika kalebet wujud saking panambang {-en}.

e. Panambang {-an}

Sufiks menika limrahipun damel tembung aran ingkang tegesipun saged mawarni-warni.

Tuladha :



Bagan 6. Pandhapuking panambang 'suntikan'(Mulyana 2007 : 20)

(bagan kapendhet saking Ramlan, 1997)


Saking andharan ing nginggil saged dipuntingali bilih tembung '*suntikan*' menika saking tembung lingga *suntik* lajeng pikantuk panambang {-an} pramila kaserat '*suntikan*'. Tegesipun tembung *suntikan* inggih menika alat kesehatan. Wujudipun panambang {-an} wonten ing nginggil saged dipuntingali wonten tembung '*suntikan*'. Tembung '*suntikan*' menika kadadosan saking kalih morfem inggih menika tembung lingga *suntik* dipunraketi dening morfem {-an} wonten ing wingking. Pramila morfem {-an} menika kalebat wujud saking panambang {-an}.

f. Panambang {-na}

Panambang {-na} menawi sumambung ing tembung lingga dipunwaos konsonan, panambang {-na} boten ewah. Menawi tembung lingga ingkang wusanipun "a" wujud vokal saha kawuwuhan panambang {-na}, panambang {-na} ewah supados {-kna}.

Tembung lingga kang kawuwuhan panambang {-na} tegesipun supados tembung kriya tanggap (*pasif*) lan kagungan teges 'pakon/agnya' (*imperatif*) utawi dhawuh dhateng tiyang sanes supados nindakaken pakaryan lingga {-ake}

Tuladha :



Bagan 7. Pandhapuking panambang 'gambarna' (Mulyana 2007 :20)


(bagan kapendhet saking Ramlan, 1997)

Saking andharan ing nginggil saged dipuntingali bilih tembung 'gambarna' menika saking tembung lingga *gambar* lajeng pikantuk panambang {-na} satemah kaserat 'gambarna'. Tegesipun tembung *gambarna* inggih menika ndhawuhi gambar. Wujudipun panambang {-na} wonten ing nginggil saged dipuntingali wonten tembung 'gambarna'. Tembung 'gambarna' menika kadadosan saking kalih morfem inggih menika tembung llingga *gambar* dipunraketi dening morfem {-na} wonten ing wingking. Pramila morfem {-na} menika kalebet wujud saking panambang {-na}.

g. Panambang {-ana}

Tembung lingga ingkang wusananipun wujud vokal utawi wanda saha tembung menika kawuwuhan panambang {-ana}, panambang {-ana} supados {-nana}. Ananging menawi tembung lingga menika pungkasanipun wujud konsonan utawi wanda sigeg saha tembung menika kawuwuhan panambang {-ana}, panambang {-ana} boten ewah.

Tuladha :



Bagan 8. Pandhapuking panambang 'pakanana' (Mulyana 2007 :20)


(bagan kapendhet saking Ramlan, 1997)

Saking andharan ing nginggil saged dipuntingali bilih tembung '*pakanana*' menika saking tembung lingga *pakan* lajeng pikantuk panambang {-ana} pramila kaserat '*pakanana*'. Tegesipun tembung '*pakanana*' inggih menika dhawuh supados maringi *pakan* marang kewan. Wujudipun panambang {-ana} wonten ing nginggil saged dipuntingali saking tembung '*pakanana*'. Tembung '*pakanana*' menika kadadosan saking kalih morfem inggih menika tembung lingga *pakan* dipunraketi dening morfem {-ana} wonten ing wingking. Pramila morfem {-ana} menika kalebat wujud saking panambang {-ana}.

h. Panambang {-ake}, {-aken}

Panambang {-ake} ing basa krama supados {-aken}. Tembung lingga ingkang Wujud vokal dipunparingi panambang {-ake} supados {-kake}, menawi tembung lingga ingkang pungkasanipun wujud konsonan saha dipunparingi panambang {-ake}, panyeratanipun ajeg boten ewah.

Tuladha :



Bagan 9. Pandhapuking panambang 'nyilihake' (Mulyana 2007 :2)

(bagan kapendhet saking Ramlan, 1997)

Saking andharan ing nginggil saged dipuntingali bilih tembung ‘nyilihake’ menika saking tembung lingga *silih* lajeng pikantuk panambang {-ake} pramila kaserat ‘nyilihake’. Tegesipun tembung ‘nyilihake’ inggih menika ngampelaken menapa kemawon kalian tiyang sanesipun. Wujudipun panambang {-ake} wonten ing nginggil saged dipuntingali saking tembung ‘nyilihake’. Tembung ‘nyilihake’ menika kadadosan saking kalih morfem inggih menika tembung lingga *silih* dipunraket dening morfem {-ake} wonten ing wingking. Pramila morfem {-ake} menika kalebat wujud saking panambang {-ake}

F. Cerkak

Cerkak inggih menika salah sawijining karya fiksi. Cerkak menika singkatan saking cerita cekak, utawi basa Indonesia-nipun cerita pendek. Cerkak menika cariyos tentang saperangan alit gesang manungsa tanpa dipundhereki owahing jalan nasib. Cerkak menika sanes novel ingkang dipuncakaken, ugi sanes perangan saking novel ingkang dereng dipunserat (Sayuti, 2000 : 8).

Cerkak menika cariyos ingkang saged dipunwaos *sekali duduk*, saengga *efek kebersatuannya* badhe langkung karaos dening pamaos (Nurgiyantoro, 2002 : 10) umumipun maos cerkak menika naming mbetahaken wekdal ingkang sekedhap. Cerkak menika naming dipunjangkepi dening *detail* ingkang kawates, saengga boten saged ninggali *perkembangan* karakter saking saben-saben tokoh-ipun, sesambetan tokoh, kawontenan sosial utawi kadadosan ingkang sampun dangu (Stanton, 2007 : 79).

Wondene Sumardjo (1997 : 91) paring pamanggih bilih satunggaling cerkak kedhah minangka satunggaling *kesatuan* wujud ingkang jangkep boten prelu, saha

ngemot satunggaling makna. Kanthi mekaten saged dipunpundhut dudutan bilih cerkak inggih menika cariyos gesang manungsa tanpa dipundhereki owahing jalan nasib, ingkang saged dipunwaos *sekali duduk* saka kedah gadhah kesatuan ingkang jangkep saha wetah ingkang ngemot satunggaling makna.

G. Nalaring Pikir

Morfologi menika ngrembag bab tembung, ewahing satunggaling tembung supados tembung sanes, dumadosing tembung saged dipunwujudaken saking proses wuwuhan. Wuwuhan wonten proses *morfologi* wonten sekawan warni inggih menika ater-ater, seselan, panambang, saha gabungan *konfiks*.

Miturut wujudipun panambang saged dipunwastani supados setunggal inggih menika *sufiks*. Wujud *sufiks* wonten ing Basa Jawi inggih menika proses panambang *afiks* ing wujud *sufiks* {*akhiran/panambang*} wonten ing wujud dhasar.

Panambang menika ugi ngewrat paedah. Ing antawisipun saged paring teges wonten ing tembung ingkang pikantuk panambang inggih menika, tembung kriya, tembung aran saha tembung kahanan. Sedayanipun ngewrat maneka warni tembung.

Panambang wonten ing widya tembung {*morfologi*} minangka salah satunggaling tembung ingkang murakabi sanget menawi dipunginakaken ing ukara amargi sedaya wonten ing wastani bab ingkang sinambung kaliyan tembung aran. Panambang saged mapan ing wingkingipun tembung aran, panambang ingkang mapan ing wingkingipun panyeratanipun ewah kanthi rinaketan kaliyan wuwuhan **-e/-ne** . Tuladhanipun inggih menika

“Satemene sumur iku isih kerep digunakake nadyan ora saben dina, malah ora mung kulawargane Endra thok kepara warga masarakat sakiwa **tengene** kandhankala padha migunakake sumur iku kanggo *wudhu* nalikane arep salat amarga caket mesjid, nadyan ing rasa kaya ana rasa mrinding lan wedi.” (SME3,2011/CK42/P2/K2)

Adhedhasar *teori-teori* ing nginggil, saged dipunginakaken wonten ing ngrembag panaliten kanthi irah-irahan “*Panambang ing Cerkak Wonten Kalawarti Sempulur Warsa 2011-2012*” inggih menika ing prakawis wujud saha *gunane* panambang. Panaliten menika dipuntindakaken amargi kathah kapanggihaken maneka warni panambang ing cerkak wonten kalawarti Sempulur.

H. Panaliten Inkgang Jumbuh

Panaliten kanthi irah-irahan *Panambang ing Cerkak Wonten Kalawarti Sempulur Warsa 2011-2012* menika jumbuh kaliyan panaliten ingkang sampun katindakaken dening Norma Yulita (2008) kanthi irah-irahan *Kajian Morfologi Bahasa Jawa pada SMS Mahasiswa Program Studi Pendidikan Basa Jawi*. Panaliten menika jumbuh amargi sami-sami nлити saha ngrembag babagan widya tembung (*morfologi*). saking panaliten menika wonten bedanipun, bedanipun inggih menika panaliten kanthi irah-irahan *Kajian Morfologi Bahasa Jawa pada SMS Mahasiswa Program Studi Pendidikan Basa jawi* ngrembag sedaya jinising tembung, wondene panaliten kanthi irah-irahanipun *Panambang ing Cerkak Wonten Kalawarti Sempulur Warsa 2011-2012* menika namung ing setunggal jinising wuwuhan inggih menika panambang.

BAB III CARA PANALITEN

A. Jinising panaliten

Panaliten menika migunakaken jinis panaliten *deskriptif*. Panaliten *deskriptif* dipunginakaken wonten ing mratelakaken utawi mahyakaken asiling panaliten kanthi menapa wontenipun utawi *objektif* (Sudaryanto, 1988: 62). Ancasipun panaliten inggih menika ngandharaken kanthi cetha. Wosipun pirembaran dipunjumbuhaken kalihan wujud saha *funksinipun* panambang ing cerkak wonten kalawarti *Sempulur* warsa 2011-2012.

Lampahanipun panaliten dipuntindakaken kanthi cara ngempalaken *data*, milah-milahaken *data (klasifikasi data)*, saha analisis utawi pangolahing *data* wonten ing madosi saha ngandharaken wujud kalihan *funksinipun* panambang ing cerkak wonten kalawarti *Sempulur* warsa 2011-2012.

B. Data saha Sumber Data

Sumber data panaliten menika ngginakaken *Kalawarti Basa Jawi inggih menika kalawarti sempulur*. Kalawarti menika kababar saben setunggal taun kaping sekawan, dipunterbitaken dening Dinas Kebudayaan Daerah Istimewa Yogyakarta wiwit taun 2002 Basa ingkang dipunginakaken inggih menika basa Jawi.

Kalawarti menika sinerat kanthi sub-bab ingkang maneka warni, panaliten menika ngginakaken 6 *Kalawarti Sempulur* inggih menika saking taun 2011 ngantos 2012 (No. 3-4 saha No. 1-4). Data ing panaliten menika samangke

awujud tembung-tembung ingkang pikantuk panambang kanthi wewaton ingkang sampun kaandharaken ing bab kalih.

C. Cara Ngempalaken Data

. Caranipun ngempalaken *data* kanthi cara maos saha nyerat, miturut Pradopo (2011: 95) inggih menika, panaliti maos *data* wonten ing cerkak *Kalawarti Sempulur* kanthi tliti, setiti, ngatos-atos supados saged manggihaken panambang ingkang maneka warni. Kaping kalhipun panaliti nyerat sedaya *data* ingkang kapanggihaken saking asiling maos cerkak menika wonten ing kertu dhata.

Bab ingkang dipunserat wonten ing *kartu data* inggih menika *sumber data, konteks, data*, wujud kaliyan *fungsi*ipun panambang ing cerkak wonten *kalawarti Sempulur*, saha katerangan. Salajengipun, *data* menika dipunpilah-pilah ingkang kalebet panambang saha dipunklasifikasi kanthi ningali titikanipun panambang saha teori-teori ingkang dipunginakaken.

D. Pirantining Panaliten

Pirantining panaliten inggih menika *kartu data*. Wonten ing manggihaken panambang wonten ing cerkak *kalawarti sempulur*, panaliti kedah nggatosaken titikanipun panambang menika. Panaliti ngginakaken *tabel kartu data* wonten ing mbiyantu ngempalaken *data* wonten ing panaliten menika.

Tuladha *kartu data* saged dipunandharaken kanthi mekaten.

Tabel 1. Tuladha *kartu Data*

<i>Sumber Data</i>	: SM-Edisi 3/2011
<i>Konteks</i>	: “Anu,,,anu bu,,, Bapak boten wonten,” <i>wangsulane</i> Ratna semu wedi banjur disambung Mbok Iyem.
<i>Data</i>	: Wangsulane
<i>Wujud</i>	: <i>panambang -e/-ne</i> , amargi kawuwuhi <i>panambang -e/ -ne</i>
<i>Fungsi</i>	: Ndhapak tembung andhahan ingkang jinisipun tembung kriya, amargi ngandhahaken <i>panambang</i> <i>-e/-ne</i> ingkang saking tembung lingga <i>wangsulan + -e/ -ne</i> ingkang gadhah teges inggih menika mangsuli pitakenipun ibu ingkang tanglet bapak wonten menapa boten.

E. Caranipun Ngalalisis *Data*

Panaliten menika ngginakaken cara *analisis deskriptif*. Panaliti ngandharaken wosipun pirembagan adhedhasar *teori-teori* ingkang dipunginakaken jumbuh kaliyan wujud saha *funksinipun* *panambang*.

Caranipun nganalisis *data* inggih menika damel reruntutaning asiling panaliten kados pranatan, andharan ingkang jumbuh kaliyan ancasing panaliten (Muhamad, 2011: 223). Caranipun ngudhar *data* sampun dipunwiwiti nalika ngempalaken *data* kanthi manggihaken wujud saha *funksinipun* *panambang* ing Cerkak wonten kalawarti *Sempulur* warsa 2011-2012.

Tuladhanipun *analisis data* saged kagambaraken wonten ing ngandhap menika

Tabel 2. Tuladha Tabel Analisis Data

No	Data saha sumber data	WP							FP			Kat.	
		-a	-i	-e/ -ne	-na	-ana	-en	-an	-ake/ -aken	NT Kah	N T A r		NT Kr
1	“Anu,,,anu bu,,, Bapak boten wonten,” <i>wangsulane</i> Ratna semu wedi banjur disambung Mbok Iyem. (SM-Edisi 3/2011)			√								√	Wujud: panambang {-e/-ne} fungsipun menika tembung andhahan inking jinisipun tembung kriya (saged dipunwang-suli)

Katrangan :

Fp : fungsi panambang

Ntar : ndhapuk tembung aran

Ntkah : ndhapuk tembung kriya

Ntkr : tembung katrangan

Sm : sempulur

Wp : wujud panambang

Caranipun panaliti anggenipun ngolah *data* saged dipunandharaken kanthi runtut kados ing ngandhap menika:

1. *data* ingkang sampun dipunpilah-pilah wonten ing *kartu data*, salajengipun *data* dipunserat wonten ing *tabel analisis data*.
2. *data* ingkang sampun dipunserat ing *tabel analisis data*, salajengipun dipun-*identifikasi* adedasar teori ingkang dipunginakaken. Sasampunipun dipun-*identifikasi*, *data* dipunpantha-pantha miturut *kategori* ingkang sampun dipuntemtokaken.
3. Salajengipun, *data* dipunserat ing *tabel pangrembagan data*
4. Ingkang pungkasan, ngrembag *data* kanthi *deskriptif* miturut *kategorinipun*.

Data asiling panaliten gayutan babagan wujud saha *fungsi*ipun panambang ing ukara dipunserat wonten *tabel*. Wujud *tabel* menika saged kaandharaken kanthi makaten.

Tabel 3. Tuladha tabel asiling panaliten panambang ing cerkak wonten kalawarti *Sempulur* warsa 2011-2012.

No	Wujud	Fungsi	Indikator
1.	<i>Panambang -e/-ne</i>	Ndhapuk tembung andhahan ingkang jinisipun Tembung aran	“Apa kuwi?” wangsulane putrane wae leres. SM-Edisi 3/2011 <i>wangsulane</i> : panambang -e/-ne (amargi wonten panambang -e/-ne saking tembung wangsulan lajeng pikantuk wuwuhan -e/-ne supados wangsulane) Wujud : <i>panambang -e/-ne</i> fungsi : ndhapuk tembung kriya

F. Caranipun Ngesahaken *Data*

Uji *validitas* saha *reliabilitas* dipunginakaken wonten ing mangertosi *sahipun data* ingkang sampun dipuntliti. Sasampunipun dipuntliti *datanipun*

lajeng dipun-*validitas data* dipunukur kanthi *triangulasi teori*. *Triangulasi teori wonten* ing panaliten menika nandhingaken *data* saking asiling panaliten kaliyan *teori-teori* ingkang jumbuh (Setiyadi, 2002:32).

Uji validitas wonten ing panaliten menika ngginakaken *triangulasi* teori ingkang mbandhingaken data kalihan teori-teori ingkang dipunginakaken inggih menika teori *morfologi* saha semantik. *Triangulasi* kanthi teori *morfologi* wonten ing nemtokaken keabsahanipun data ingkang gegayutan kaliyan wujudipun panambang.

Reliabilitas panaliten menika ngginakaken *reliabilitas intrarater* saha *reliabilitas stabilitas*. *Reliabilitas intrarater* inggih menika reliabilitas ingkang kapanggihaken kanthi *konsultasi* asiling panaliten. Panaliti menika kedah *konsultasi* dhateng para ahli ingkang mumpuni ing bidangipun, inggih menika dosen pembimbing utawi tiyang ingkang mumpuni bab ngelmu basa.

Uji reliabilitas menika dipunginakaken wonten ing nguji *data* kanthi tliti. Awit saking menika panaliten menika ngginakaken *reliabilitas stabilitas*. *Reliabilitas stabilitas* dipunginakaken wonten ing ngukur *data* ingkang dipunambali kaping kathah ananging asilipun sami, kanthi sarat *data-data* ingkang kaukur kahananipun sami ananging wekdalipun benten (Setiyadi,2006: 17). Panaliti migunakaken uji *reliabilitas stabilitas* amargi panaliti saged mendhet *data* kanthi maos makaping-kaping ananging asilipun sami wonten ing wekdal ingkang benten.

BAB IV
ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

A. Asiling Panaliten

Asiling panaliten menika wujudipun data panambang wonten ing cerkak kalawarti *Sempulur* warsa 2011-2012, data ingkang dipunpanggihaken inggih menika tembung-tembung, salajengipun dipun-klasifikasi supados saged nemtokaken wujud saha *fungsinipun* panambang.

Cerkak ingkang dipuntliti wonten enem (6) kaperang dados sekawan edisi. Asiling panaliten dipunlebetaken wonten ing tabel *analisis data*. Data ingkang dipunpanggihaken wonten ing panaliten menika saged dipuntingali ing tabel ngandhap menika.

Tabel 4. Panambang ing Cerkak wonten kalawarti Sempulur warsa 2011-2012.

No	Tembung	Wujud panambang	Fungsi panambang	Indikator
1	2	3	4	5
1.	<i>Atine</i>	Panambang {-ne}	ndhapuk tembung andhahan ingkang jinisipun tembung aran.	Bakal kelakon maneh greneng sajeroning <i>atine</i> Endra. (SM42/CK3/P1/K1) <i>atine</i> ┌──────────┴────────── {ati} {-ne} Tegesipun tembung <i>atine</i> inggih menika arane.
	<i>empere</i>	Panambang {-e}	ndhapuk tembung andhahan ingkang jinisipun tembung aran.	Nganti jam 4 esuk Endra meneng lungguh ana kursi ing <i>empere</i> ora turu sajak banget anggone mikir kahanan ing desane.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
				<p>(SME3,2011/CK42/P3/K2)</p> <p style="text-align: center;">empere</p> <p style="text-align: center;">{emper} {-e}</p> <p>Tegesipun tembung <i>empere</i> inggih menika panggonan ingkang papanipun wonten ing ngajeng griya</p>
2.	<i>nesoni</i>	Panambang {-ni}	ndhapuk andhahan jinisipun kriya.	<p>tembung ingkang tembung</p> <p>Nanging,ora bakal arep nesoni bojone,amarga pancen bojone katon tresna banget,tur pancen ora tau duwe salah marang dheweke,malah kepara katon sabare lan bisa ngemong atine. (SME2,2012/CK43/P20/ K2)</p> <p style="text-align: center;">nesoni</p> <p style="text-align: center;">{nesu} {-ni}</p> <p>tegesipun tembung <i>nesoni</i> inggih menika nesu kaliyan tiyang sanesipun</p>
3.	<i>Subuhan</i>	Panambang {-an}	ndhapuk andhahan jinisipun kriya.	<p>tembung ingkang tembung</p> <p>pungkasanne ing ruwang keluarga Pak Reja bubar subuhan dadi katon reja tenan, kaya rembugane sidhang DPR. (SME3.2011/CK43/P10/ K1)</p>

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
4.	<i>Metua</i>	Panambang {-a}	ndhapuk andhahan jinisipun kriya.	<p>tebung ingkang tembung</p> <p>Ayo metuaaaa,,,!!! Agung kang ora percaya bangsane tahayul bengok-bengok nantang sing mbaureksa sumur. (SME3,2011/CK46/P73/K1)</p> <p style="text-align: center;">metua ├── {metu} └── {-a}</p> <p>tegesipun tembung <i>metua</i> inggih menika ndhawuhi medal saking panggonan.</p>
5	<i>cepakna</i>	Panambang {-na}	ndhapuk andhahan jinisipun kriya.	<p>tebung ingkang tembung</p> <p>Coba mengko bengi cepakna ubarampe, kayata: pitik cemani sajodho, kembang liman, lan menyan cina ya, mengko bengi jam 11 aku takmara mrana dhewe, ora sah dipapag, muga-muga wae bengi meengko kabeh bisa kawiyak lan antuk wangsulan kang cetha.” (SME3,2011/CK46/P69/K3)</p> <p style="text-align: center;">cepakna ├── {cepak} └── {-na}</p>

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
				tegesipun tembung <i>cepakna</i> inggih menika ndhawuhi siapaken menapa kemawon ingkang badhe dipunginakake.

Saking *tabel* ing nginggil saged dipunmangertosi bilih Cerkak Kalawarti Sempulur Warsa 2011-2012 saged kapanggihaken wonten gangsal (5) wujud panambang inggih menika panambang {-a}, {-i/-ni}, {-e/-ne}, {-na}, saha {-an}. Ginanipun panambang ing Cerkak wonten Kalawarti Sempulur menika kapanggihaken saged ndhapuk tembung kriya, ndhapuk tempung aran saha ndhapuk tembung kahanan.

B. Pirembagan

Jumbuh kaliyan watesaning perkawis ingkang sampun kaserat wonten ing bab I, ingkang badhe dipunrembag inggih menika bab panambang, wujudipun panambang saha ginanipun panambang ing Cerkak wonten *Kalawarti Sempulur* warsa 2011-2012. Asiling panaliten nedhahaken bilih Cerkak wonten *Kalawarti Sempulur* menika kadhah kapanggihaken panambang. Andharan panambang badhe dipunandharaken ing ngandhap menika.

1. Panambang awujud *Polimorfemis*

Panambang awujud *polimorfemis* ing Cerkak wonten *Kalawarti Sempulur* inggih menika panambang {-i/-ni}, {-e/-ne}, {-a}, {-an}, {-na}. Bab menika kaandharaken wonten ngandhap menika.


A. Panambang {-i}

Panambang awujud panambang {-i} ing Cerkak wonten *Kalawarti Sempulur* inggih menika, panambang {-i} dipunginakaken wonten ing tembung ingkang pungkasan tembung, tembung awujud konsonan, wondene {-ni} dipunginakaken wonten ing tembung ingkang pungkasan tembung awujud vokal.

“Wis ora ana kurange ibu ngladeni bapak, nanging menawa bapak duwe pepinginan apa ibu kira-kira menahi palilah, utawa malah ibu ***mungsuhi*** bapak?”, Pak Tomo isih mlipir anggane arep walaka marang garwane. (SME3,2012/CK37/P8/K1)

Saking andharan ing nginggil saged dipuntingali bilih tembung ‘*mungsuhi*’ kadhapuk saking tembung lingga + {-i}. Tembung ‘*mungsuhi*’ menika saking tembung lingga *mungsuh*, ingkang dipunraketeki mawi panambang {-i}. Ginanipun panambang ‘*mungsuhi*’ menika ndhapuk tembung kriya. Lajeng tembung ‘*mungsuhi*’ nggadhahi teges ndadosaken musuh.

Mungsuhi menika tembung andhahan *polimorfemis* ingkang kadhapuk saking tembung lingga aran “mungsuh” +{-i}, tembung ‘*mungsuhi*’ ndhapuk tembung kriya.



(TKr 'mengsah / lawan')


Bagan 1. Pandhapuking panambang '*mungsuhi*'

(bagan kapendhet saking Ramlan, 1997)

Nanging, ora bakal arep *nesoni* kandhane, amarga pancen kandhane katon tresna banget, tur pancen ora tau duwe salah marang dheweke, malah kepara katon sabare lan bisa ngemong atine. (SME2,2012/CK43/P20/K2)

Saking andharan ing nginggil saged dipuntingali bilih tembung '*nesoni*' kadhapuk saking tembung lingga + {-ni}. Tembung '*nesoni*' menika saking tembung lingga *nesu*, ingkang dipunraketni mawi panambang {-i}. Ginanipun panambang '*nesoni*' menika ndhapuk tembung kriya. Lajeng tembung '*nesoni*' nggadhahi teges tiyang ingkang nembe *nesu* kaliyan tiyang sanesipun.

Nesoni menika tembung andhahan *polimorfemis* ingkang kadhapuk saking tembung lingga kriya "nesu" + {-i}, tembung '*nesoni*' ndhapuk tembung kriya.



Bagan 5. Pandhapuking panambang '*nesoni*'

(bagan kapendhet saking Ramlan, 1997)


B. Panambang {-a}

Panambang awujud panambang {-a} ing Cerkak wonten Kalawarti Sempulur inggih menika, panambang {-a} dipunginakaken wonten ing damel tembung kriya *imperative* ing basa jawi.

“ Anak-anakku kabeh, kowe rak ya padha ngerti ta kang asmane Mbah Medi, Kyai kondhang pinter lan pana ing kawruh kebatinan lan kawruh gaib? Coba **takona** Mbah Medi sejatine kepriye kok bisa nganti ana kahanan kang banget gawe giris lan horeging desane dhewe”. (SME3.2011/CK43/P12/K1)

Saking andharan ing nginggil saged dipuntingali bilih tembung ‘*takona*’ kadhapuk saking tembung lingga + {-a}. Tembung ‘*takona*’ menika saking tembung lingga *takon*, ingkang dipunraketni mawi panambang {-a}. Ginanipun panambang ‘*takona*’ menika ndhapuk tembung kriya. Lajeng tembung ‘*takona*’ nggadhahi teges ndhawuhi nyuwun pitaken

Takona menika tembung andhahan *polimorfemis* ingkang kadhapuk saking tembung lingga kriya “*takon*” + {-a}, tembung ‘*takona*’ ndhapuk tembung kriya.




Bagan 6. Pandhapuking panambang ‘*takona*’

(bagan kapendhet saking Ramlan, 1997)

“Ayo ndi rupame! Ngetoka! Ketokna rupamu bakal tak juwing-juwing! Setan alas! Ayo **Metuaaaaaa**,,,,,,,!!!” Agung kang ora percaya bangsane tahayul bengok-bengok nantang sing mbaureksa sumur. (SME3,2011/CK46/P73/K1)

Saking andharan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung ‘*metua*’ kadhapuk saking tembung lingga + {-a}. Tembung ‘*metua*’ menika saking tembung lingga *metu*, ingkang dipunraketni mawi panambang {-a}. Ginanipun panambang ‘*metua*’ menika ndhapuk tembung kriya. Lajeng tembung ‘*metua*’ nggadhahi teges ndhawuhi supados medal.

Metua menika tembung andhahan *polimorfemis* ingkang kadhapuk saking tembung lingga kriya “metu” + {-a}, tembung ‘*metua*’ ndhapuk tembung kriya.



(TRr ‘mlampah medal utawi nyingkir saking panggonan’)

Bagan 7. Pandhapuking panambang ‘*metua*’

(bagan kapendhet saking Ramlan, 1997)


C. Panambang {-e}

Panambang awujud panambang {-e} ing Cerkak wonten Kalawarti Sempulur inggih menika, panambang {-e} dipunginakaken wonten ing tembung ingkang pungkasan tembung awujud konsonan, wondene {-ne} dipunginakaken wonten ing tembung ingkang pungkasan tembung awujud vokal.

Bakal kelakon maneh ,,,”greneng sajeroning *atine* Endra kang keprungu crita bapake marang ibune ing ruwang keluarga. (SME3,2011/CK42/P1/K1).

Saking andharan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung ‘*atine*’ kadhapuk saking tembung lingga + {-ne}. Tembung ‘*atine*’ menika saking tembung lingga *ati*, ingkang dipunraketni mawi panambang {-ne}. Ginanipun panambang ‘*atine*’ menika ndhapuk tembung aran. Lajeng tembung ‘*atine*’ nggadahi teges nama ingkang wonten ing jeroning awak.

Atine menika tembung andhahan *polimorfemis* ingkang kadhapuk saking tembung lingga aran “ati” + {-ne}, tembung ‘*atine*’ ndhapuk tembung aran.




Bagan 8. Pandhapuking panambang '*atine*'

(bagan kapendhet saking Ramlan, 1997)

Kahanan kaya mengkono iku tansah gawe miris *kulawargane* lan masyarakat sakiwa tengening kampung Grogol. (SME3,2011/CK42/P1/K3)

Saking andharan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung '*kulawargane*' kadhapuk saking tembung lingga + {-ne}. Tembung '*kulawargane*' menika saking tembung lingga *kulawarga* ingkang dipunraketi mawi panambang {-ne}. Ginanipun panambang '*kulawargane*' menika ndhapuk tembung aran. Lajeng tembung '*kulawargane*' nggadhahi teges warga masarakat.

Kulawargane menika tembung andhahan *polimorfemis* ingkang kadhapuk saking tembung lingga aran "kulawarga" + {-ne}, tembung '*kulawargane*' ndhapuk tembung aran.



Bagan 9. Pandhapuking panambang '*kulawargane*'


(bagan kapendhet saking Ramlan, 1997)

Satemene sumur iku isih kerep digunakake nadyan ora saben dina, malah ora mung kulawargane Endra thok kepara warga masarakat sakiwa *tengene*

kandhengkala padha migunakake sumur iku kanggo *wudhu* nalikane arep salat amarga caket mesjid, nadyan ing rasa kaya ana rasa mrinding lan wedi. (SME3,2011/CK42/P2/K2)

Saking andharan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung '*tengene*' kadhapuk saking tembung lingga + {-ne}. Tembung '*tengene*' menika saking tembung lingga *tengen*, ingkang dipunraketi mawi panambang {-ne}. Ginanipun '*tengene*' menika ndhapuk tembung kriya. Lajeng tembung '*tengene*' nggadhahi teges wonten ing sisihipun.

Tengene menika tembung andhahan *polimorfemis* ingkang kadhapuk saking tembung lingga kriya "tengen" + {-ne}, tembung '*tengene*' ndhapuk tembung kriya.




Bagan 10. Pandhapuking panambang '*tengen*'

(bagan kapendhet saking Ramlan, 1997)

Wengi iku malem jemuwah Kliwon, *swasanane* sepi nyenyet, tintrim tan ana sabawane manungsa, mamring kaya kuburan. (SME3,2011/CK42/P3/K1)

Saking andharan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung '*swasanane*' kadhapuk saking tembung lingga + {-ne}. Tembung '*swasanane*' menika saking tembung lingga *swasana*, ingkang dipunraketi mawi panambang {-ne}. Ginanipun panambang '*swasanane*' menika ndhapuk tembung kriya. Lajeng tembung '*swasanane*' nggadhahi teges kahanan ing mrika.

Swasanane menika tembung andhahan *polimorfemis* ingkang kadhapuk saking tembung lingga kriya “swasana” + {-ne}, tembung ‘*swasanane*’ ndhapuk tembung kriya.




Bagan 11. Pandhapuking panambang ‘*swasanane*’

(bagan kapendhet saking Ramlan, 1997)

Nganti jam 4 esuk Endra meneng lungguh ana kursi ing *empere* ora turu sajak banget anggone mikir kahanan ing desane. (SME3,2011/CK42/P3/K2)

Saking andharan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung ‘*empere*’ kadhapuk saking tembung lingga + {-e}. Tembung ‘*empere*’ menika saking tembung lingga *emper*, ingkang dipunraketki mawi panambang {-e}. Ginanipun ‘*empere*’ menika ndhapuk tembung aran. Lajeng tembung ‘*empere*’ nggadhahi teges panggonan ingkang papanipun wonten ing ngajeng margi.

Empere menika tembung andhahan *polimorfemis* ingkang kadhapuk saking tembung lingga aran “emper” + {-e}, tembung ‘*empere*’ ndhapuk tembung aran.



(TAr ‘panggonan ingkang papanipun wonten ing sisih ngajeng margi’)


Bagan 12. Pandhapuking panambang ‘*empere*’

(bagan kapendhet saking Ramlan, 1997)

Yen ora enggal-enggal digoleki bisa-bisa warga masarakat kene entek *jiwane*. (SME3.2011/CK43/P11/K2)

Saking andharan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung '*jiwane*' kadhapuk saking tembung lingga + {-ne}. Tembung '*jiwane*' menika saking tembung lingga *jiwa*, ingkang dipunraketeki mawi panambang {-ne}. Ginanipun panambang '*jiwane*' menika ndhapuk tembung kriya. Lajeng tembung '*jiwane*' nggadhahi teges raga ingkang wonten ing manungsa

Jiwane menika tembung andhahan *polimorfemis* ingkang kadhapuk saking tembung lingga kriya "jiwa" + {-ne}, tembung '*jiwane*' ndhapuk tembung kriya.




Bagan 13. Pandhapuking panambang '*jiwane*'

(bagan kapendhet saking Ramlan, 1997)

Anak-anakku kabeh, kowe rak ya padha ngerti ta kang *asmane* Mbah Medi, Kyai kondhang pinter lan pana ing kawruh kebatinan lan kawruh gaib? Coba takona Mbah Medi sejatine kepriye kok bisa nganti ana kahanan kang banget gawe giris lan horeging desane dhewe". (SME3.2011/CK43/P12/K1)

Saking andharan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung '*asmane*' kadhapuk saking tembung lingga + {-ne}. Tembung '*asmane*' menika saking tembung lingga *asma*, ingkang dipunraketeki mawi panambang {-ne}. Ginanipun panambang '*asmane*' menika ndhapuk tembung aran. Lajeng tembung '*asmane*' nggadhahi teges nama.

Asmane menika tembung andhahan *polimorfemis* ingkang kadhapuk saking tembung lingga aran “asma” + {-ne}, tembung ‘*asmane*’ ndhapuk tembung aran.




Bagan 14. Pandhapuking panambang ‘*asmane*’

(bagan kapendhet saking Ramlan, 1997)

Hanum lan kulawargane padha ngumpul ing ruwang kulawargane maneh ngrembug perkara tumbal sumur tuwa ing cedhak ***kebone***. (SME3,2011/CK43/P16/K2)

Saking andharan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung ‘*kebone*’ kadhapuk saking tembung lingga + {-e}. Tembung ‘*kebone*’ menika saking tembung lingga *kebon*, ingkang dipunraketi mawi panambang {-e}. Ginanipun panambang ‘*kebone*’ menika ndhapuk tembung aran. Lajeng tembung ‘*kebone*’ nggadhahi teges panggonan ingkang jembar biasanipun wonten ing sisih wingking margi.

Kebone menika tembung andhahan *polimorfemis* ingkang kadhapuk saking tembung lingga aran “kebon” + {-e}, tembung ‘*kebone*’ ndhapuk tembung aran.




Bagan 15. Pandhapuking panambang ‘*kebone*’

(bagan kapendhet saking Ramlan, 1997)

“Seminggu kepungkur aku wis sowan Mbah Medi, lan Simbah ngendika Manawa sejatine pancen ana pawongan kang wujud medeni, **rambute** gimbal rewo-rewo mlakune nggawa teken, Manawa malem Jemuwah Kliwon mesthi ngetok lan golek mangsa.” (SME3,2011/CK43/P18/K1)

Saking andharan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung ‘*rambute*’ kadhapuk saking tembung lingga + {-e}. Tembung ‘*rambute*’ menika saking tembung lingga *rambut*, ingkang dipunraketki mawi panambang {-e}. Ginanipun panambang ‘*rambute*’ menika ndhapuk tembung aran. Lajeng tembung ‘*rambute*’ nggadhahi teges rikma.

Rambute menika tembung andhahan *polimorfemis* ingkang kadhapuk saking tembung lingga aran “rambut” + {-e}, tembung ‘*rambute*’ ndhapuk tembung aran.




Bagan 16. Pandhapuking panambang ‘*rambute*’

(bagan kapendhet saking Ramlan, 1997)

Wuwujudane kang baureksa gedhe dhuwur rambute gimbal rewog-rewog, **kukune** dawa-dawa lancip. (SME3,2011/CK46/P69/K2)

Saking andharan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung ‘*kukune*’ kadhapuk saking tembung lingga + {-ne}. Tembung ‘*kukune*’ menika saking tembung lingga *kuku*, ingkang dipunraketki mawi panambang {-ne}. Ginanipun panambang ‘*kukune*’ menika ndhapuk tembung aran. Lajeng tembung ‘*kukune*’ nggadhahi teges kanggo nutupi pucuke driji.

Kukune menika tembung andhahan *polimorfemis* ingkang kadhapuk saking tembung lingga aran “kuku” + {-ne}, tembung ‘*kukune*’ ndhapuk tembung aran.




Bagan 17. Pandhapuking panambang ‘*kukune*’
(bagan kapendhet saking Ramlan, 1997)

Ora sauntara suwene *mobile* Endra wis tekan ngarep omahe Mbah Pono, piyayi sepuh kang kondhang ing olah kabatinan lan alam gaib. (SME3,2011/CK46/P64/K1)

Saking andharan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung ‘*mobile*’ kadhapuk saking tembung lingga + {-e}. Tembung ‘*mobile*’ menika saking tembung lingga *mobil*, ingkang dipunraketi mawi panambang {-e}. Ginanipun panambang ‘*mobile*’ menika ndhapuk tembung aran. Lajeng tembung ‘*mobile*’ nggadhahi teges kendaraan roda 4.

Mobile menika tembung andhahan *polimorfemis* ingkang kadhapuk saking tembung lingga aran “mobil” + {-e}, tembung ‘*mobile*’ ndhapuk tembung aran.




Bagan 18. Pandhapuking panambang ‘*mobile*’
(bagan kapendhet saking Ramlan, 1997)

Dumadakan saka jeron wit ringin growing kaya keprungu swara watuk-watuk, terus mak pethungul pawongan gedhe dhuwur rupane ora katon

cetha ketutupan rambut kang rewog-rewog awul-awulan lan awut-awutan **klambine** pating sranthil ora karu-karuwan metu saka growongan uwit. (SME3,2011/CK46/P74/K1)

Saking andharan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung '*klambine*' kadhapuk saking tembung lingga + {-ne}. Tembung '*klambine*' menika saking tembung lingga *klambi*, ingkang dipunraketki mawi panambang {-ne}. Ginanipun panambang '*klambine*' menika ndhapuk tembung aran. Lajeng tembung '*klambine*' nggadhahi teges sandhangan kanggo nutupi awak ing sisih nduwur.

Klambine menika tembung andhahan *polimorfemis* ingkang kadhapuk saking tembung lingga aran "klambi" + {-ne}, tembung '*klambine*' ndhapuk tembung kriya.




Bagan 19. Pandhapuking panambang '*klambine*'

(bagan kapendhet saking Ramlan, 1997)

Ora ngira babar pisan yen wektu kuwi wanita kang tansah diimpi-impi bisa lungguh ing ngarepe, Satriya kelangan ukara lan tembung, lisane ora bisa kumecap nanging liringing **netrane** kaya-kaya minangka ganti panyapane marang Ajeng. (SME4,2011/CK41/P8/K2)

Saking andharan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung '*netrane*' kadhapuk saking tembung lingga + {-ne}. Tembung '*netrane*' menika saking tembung lingga *netra*, ingkang dipunraketki mawi panambang {-ne}. Ginanipun panambang '*netrane*' menika ndhapuk tembung aran. Lajeng tembung '*netrane*' nggadhahi teges kanggo ndeleng.

Netrane menika tembung andhahan *polimorfemis* ingkang kadhapuk saking tembung lingga aran “netra” + {-ne}, tembung ‘*netrane*’ ndhapuk tembung aran.




Bagan 20. Pandhapuking panambang ‘*netrane*’

(bagan kapendhet saking Ramlan, 1997)

Kejaba ing Desa Kadewan, Pak Tomo uga duwe usaha ing babagan kerajinan tekstil ing desa Kapurwan kang *papane* seje kutha. (SME3,2012/CK37/P4/K1)

Saking andharan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung ‘*papane*’ kadhapuk saking tembung lingga + {-e}. Tembung ‘*papane*’ menika saking tembung lingga *papan*, ingkang dipunraketi mawi panambang {-e}. Ginanipun panambang ‘*papane*’ menika ndhapuk tembung aran. Lajeng tembung ‘*papane*’ nggadhahi teges panggonan.

Papane menika tembung andhahan *polimorfemis* ingkang kadhapuk saking tembung lingga aran “papan” + {-e}, tembung ‘*papane*’ ndhapuk tembung aran.



(TAr ‘panggonan kanggo wara-wara’)


Bagan 21. Pandhapuking panambang ‘*papane*’

(bagan kapendhet saking Ramlan, 1997)

Mula nalika Pak Tomo lagi ngurusi *usahane* kang mapan ing jaban kutha, kadhang kala nginep ora kondur ing desa Kadewan. (SME3,2012/CK37/P4/K2)

Saking andharan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung '*usahane*' kadhapuk saking tembung lingga + {-ne}. Tembung '*usahane*' menika saking tembung lingga *usaha*, ingkang dipunraketni mawi panambang {-ne}. Ginanipun panambang '*usahane*' menika ndhapuk tembung kriya. Lajeng tembung '*usahane*' nggadhahi teges papan kanggo dagang.

Usahane menika tembung andhahan *polimorfemis* ingkang kadhapuk saking tembung lingga aran "usaha" + {-ne}, tembung '*usahane*' ndhapuk tembung kriya.



(TKr 'papan kanggo dagang')


Bagan 22. Pandhapuking panambang '*usahane*'

(bagan kapendhet saking Ramlan, 1997)

Akeh warga masarakat kang ngandhakake Manawa sumur tuwa kuwi pancen angker ana kang nunggu, malah ora mung sumur kepara uwit gedhe kang growing iku uga banget *angkere*. (SME3,2011/CK45/P57/K1)

Saking andharan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung '*angkere*' kadhapuk saking tembung lingga + {-e}. Tembung '*angkere*' menika saking tembung lingga *angker*, ingkang dipunraketni mawi panambang {-e}. Ginanipun panambang '*angkere*' menika ndhapuk tembung kahanan. Lajeng tembung '*angkere*' nggadhahi teges papan kang katon medeni.

Angkere menika tembung andhahan *polimorfemis* ingkang kadhapuk saking tembung lingga kahanan “angker” + {-e}, tembung ‘*angkere*’ ndhapuk tembung kahanan.



(TKah ‘papan kang katon medeni’)


Bagan 23. Pandhapuking panambang ‘*angkere*’

(bagan kapendhet saking Ramlan, 1997)

Sawuse ubarampe cumawis, katon *lambene* Mbah Jenggot umak-umik sajak maca japa mantra utawa donga, nanging ora keprungu apa kang dirapalake. (SME3,2011/CK46/P67/K1)

Saking andharan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung ‘*lambene*’ kadhapuk saking tembung lingga + {-e}. Tembung ‘*lambene*’ menika saking tembung lingga *lambe*, ingkang dipunraketi mawi panambang {-e}. Ginanipun panambang ‘*lambene*’ menika ndhapuk tembung aran. Lajeng tembung ‘*lambene*’ nggadhahi teges lathi.

Lambene menika tembung andhahan *polimorfemis* ingkang kadhapuk saking tembung lingga aran “lambe” + {-e}, tembung ‘*lambene*’ ndhapuk tembung aran.




Bagan 24. Pandhapuking panambang ‘*lambene*’

(bagan kapendhet saking Ramlan, 1997)

“Biyen sumur iku pancen adhem ayem ora ana apa-apa, ananging udakara sangang wulan kepungkur ana prawan kang nglalu ing sumur kono amarga wong *tuwane* ora nyarujuki anake gegandhengan karo priya kang disenengi.”(SME3,2011/CK46/P68/K1)

Saking andharan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung ‘*tuwane*’ kadhapuk saking tembung lingga + {-ne}. Tembung ‘*tuwane*’ menika saking tembung lingga *tuwa*, ingkang dipunraketu mawi panambang {-ne}. Ginanipun panambang ‘*tuwane*’ menika ndhapuk tembung kriya. Lajeng tembung ‘*tuwane*’ nggadhahi teges tiyang ingkang sampun sepuh.

Tuwane menika tembung andhahan *polimorfemis* ingkang kadhapuk saking tembung lingga aran “tuwa” + {-ne}, tembung ‘*tuwane*’ ndhapuk tembung kriya.




Bagan 25. Pandhapuking panambang ‘*tuwane*’

(bagan kapendhet saking Ramlan, 1997)

Bocah wadon cilik lagi wae lulus SD *anake* (SME3,2011/CK42/P3/K6)

Saking andharan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung ‘*anake*’ kadhapuk saking tembung lingga + {-e}. Tembung ‘*anake*’ menika saking tembung lingga *anak*, ingkang dipunraketu mawi panambang {-e}. Ginanipun panambang ‘*anake*’ menika ndhapuk tembung aran. Lajeng tembung ‘*anake*’ nggadhahi teges kagungan putra utawi putranipun.

Anake menika tembung andhahan *polimorfemis* ingkang kadhapuk saking tembung lingga aran “anak” + {-e}, tembung ‘*anake*’ ndhapuk tembung aran.




Bagan 26. Pandhapuking panambang ‘*anake*’

(bagan kapendhet saking Ramlan, 1997)

“biasane mung swara-swara kang aneh kang keprungu, nanging wengi mau ora ana swara kang aeng-aeng, we lha kok malah ana rajapati?” **guneme** Agung andhike Endra kang melu gumun kanthi anane kadadayan rajapati ing wengi iku. (SME3,2011/CK43/P4/K1)

Saking andharan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung ‘*guneme*’ kadhapuk saking tembung lingga + {-e}. Tembung ‘*guneme*’ menika saking tembung lingga *gunem*, ingkang dipunraketi mawi panambang {-e}. Ginanipun panambang ‘*guneme*’ menika ndhapuk tembung kriya. Lajeng tembung ‘*guneme*’ nggadhahi teges ngendikanipun.

Guneme menika tembung andhahan *polimorfemis* ingkang kadhapuk saking tembung lingga kriya “*gunem*” + {-e}, tembung ‘*guneme*’ ndhapuk tembung kriya.




Bagan 27. Pandhapuking panambang ‘*guneme*’

(bagan kapendhet saking Ramlan, 1997)

“iya bener, biasane dhék biyen kuwi mung swara-swara kang rada nyleneh, nanging gawe mrinding githok, wah aja-aja pancen sumur kuwi ana kang tunggu ya?” Ratna mbakyune Endra kang wingi lagi teka karo anak lan **bojone** saka bandung nyaut rembugan. (SME3,2011/CK43/P5/K1)

Saking andharan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung '*bojone*' kadhapuk saking tembung lingga + {-ne}. Tembung '*bojone*' menika saking tembung lingga *bojo*, ingkang dipunraketeki mawi panambang {-ne}. Ginanipun panambang '*bojone*' menika ndhapuk tembung aran. Lajeng tembung '*bojone*' nggadhahi teges kagungan garwanipun tiyang kakung.

Bojone menika tembung andhahan *polimorfemis* ingkang kadhapuk saking tembung lingga arah "bojo" + {-ne}, tembung '*bojone*' ndhapuk tembung aran.




Bagan 28. Pandhapuking panambang '*bojone*'

(bagan kapendhet saking Ramlan, 1997)

Aku arep golek sisik melik!" *kandhane* Agung sajak madhep mantep semu gethem-gethem. (SME3,2011/CK43/P6/K3)

Saking andharan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung '*kandhane*' kadhapuk saking tembung lingga + {-ne}. Tembung '*kandhane*' menika saking tembung lingga *kandha*, ingkang dipunraketeki mawi panambang {-ne}. Ginanipun panambang '*kandhane*' menika ndhapuk tembung kriya. Lajeng tembung '*kandhane*' nggadhahi teges ngendikanipun tiyang sanes.

Kandhane menika tembung andhahan *polimorfemis* ingkang kadhapuk saking tembung lingga kriya "kandha" + {-ne}, tembung '*kandhane*' ndhapuk tembung kriya.




Bagan 29. Pandhapuking panambang '*kandhane*'
(bagan kapendhet saking Ramlan, 1997)

Akeh kang padha layat ngetokake luh nangis ngguguk mangerteni kahanan *patine* pak Reja kang nggegirisi. (SME3,2011/CK45/P45/K2)

Saking andharan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung '*patine*' kadhapuk saking tembung lingga + {-ne}. Tembung '*patine*' menika saking tembung lingga *pati*, ingkang dipunraketeki mawi panambang {-e}. Ginanipun panambang '*patine*' menika ndhapuk tembung aran. Lajeng tembung '*patine*' nggadhahi teges tiyang ingkang sedha.

Patine menika tembung andhahan *polimorfemis* ingkang kadhapuk saking tembung lingga aran "pati" + {-ne}, tembung '*patine*' ndhapuk tembung aran.




Bagan 30. Pandhapuking panambang '*patine*'
(bagan kapendhet saking Ramlan, 1997)

"Terus sapa Ndra? Yen dudu jin, dhemit kang mbaureksa sumur kuwi?" ibu takon *swarane* sajak dikuwat-kuwatake. (SME3,2011/CK45/P51/K1)

Saking andharan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung '*swarane*' kadhapuk saking tembung lingga + {-ne}. Tembung '*swarane*' menika saking tembung lingga *swara*, ingkang dipunraketeki mawi panambang {-ne}. Ginanipun panambang '*swarane*' menika ndhapuk tembung aran. Lajeng tembung '*swarane*' nggadhahi teges pocapan kang dipunmedhalaken saking lathi .

Swarane menika tembung andhahan *polimorfemis* ingkang kadhapuk saking tembung lingga aran “swara” + {-ne}, tembung ‘*swarane*’ ndhapuk tembung kriya.




Bagan 31. Pandhapuking panambang ‘*swarane*’

(bagan kapedhet saking Ramlan, 1997)

“Nanging coba kepriye miturut *penggalihe* ibu, jalaran kang duwe panguwasa ibu, pripun, Bu?” pitakonne Endra. (SME3,2011/CK45/P54/K1)

Saking andharan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung ‘*penggalihe*’ kadhapuk saking tembung lingga + {-e}. Tembung ‘*penggalihe*’ menika saking tembung lingga *penggalih*, ingkang dipunraketi mawi panambang {-e}. Ginanipun panambang ‘*penggalihe*’ menika ndhapuk tembung aran. Lajeng tembung ‘*penggalihe*’ nggadhahi teges kaputusan utawi kuasanipun.

Penggalihe menika tembung andhahan *polimorfemis* ingkang kadhapuk saking tembung lingga aran “penggalih” + {-e}, tembung ‘*penggalihe*’ ndhapuk tembung aran.




Bagan 32. Pandhapuking panambang ‘*penggalihe*’

(bagan kapedhet saking Ramlan, 1997)

“Wis ayo, ndang dikubur jisime ing mori iku, mengko mundhak mripeni awake dhewe, kae *pacule* wis dakcawisake kok.”
(SME2,2012/CK45/P49/K1)

Saking andharan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung ‘*pacule*’ kadhapuk saking tembung lingga + {-e}. Tembung ‘*pacule*’ menika saking tembung lingga *pacul*, ingkang dipunraketi mawi panambang {-e}. Ginanipun panambang ‘*pacule*’ menika ndhapuk tembung aran. Lajeng tembung ‘*pacule*’ nggadhahi teges alat kanggo tiyang tindhak saben.

Pacule menika tembung andhahan *polimorfemis* ingkang kadhapuk saking tembung lingga aran “*pacul*” + {-e}, tembung ‘*pacule*’ ndhapuk tembung aran.



Bagan 33. Pandhapuking panambang ‘*pacule*’

(bagan kapendhet saking Ramlan, 1997)

D. Panambang {-an}


Panambang awujud panambang {-an} ing Cerkak wonten Kalawarti Sempulur inggih menika, *Sufiks* menika limrahipun damel tembung aran ingkang tegesipun saged mawarni-warni.

Wengi iku malem jemuwah Kliwon, spungkasanne sepi nyenyet, tintrim tan ana sabawane manungsa, mamring kaya *kuburan*.
(SME3,2011/CK42/P3/K1)

Saking andharan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung ‘*kuburan*’ kadhapuk saking tembung lingga + {-an}. Tembung ‘*kuburan*’ menika saking tembung lingga *kubur*, ingkang dipunraketi mawi panambang {-an}. Ginanipun

panambang ‘*kuburan*’ menika ndhapuk tembung aran. Lajeng tembung ‘*kuburan*’ nggadhahi teges panggonan kanggo tiyang pejah.

Kuburan menika tembung andhahan *polimorfemis* ingkang kadhapuk saking tembung lingga kahanan “kuburan” + {-an}, tembung ‘*kuburan*’ ndhapuk tembung aran.



(TAr.papan kanggo tiyang pejah)


Bagan 34. Pandhapuking panambang ‘*kuburan*’

(bagan kapendhet saking Ramlan, 1997)

“iya bener, biasane dhek biyen kuwi mung swara-swara kang rada nyleneh, nanging gawe mrinding githok, wah aja-aja pancen sumur kuwi ana kang tunggu ya?” Ratna mbakyune Endra kang wingi lagi teka karo anak lan bojone saka bandung nyaut ***rembugan***. (SME3,2011/CK43/P5/K1)

Saking andharan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung ‘*rembugan*’ kadhapuk saking tembung lingga + {-an}. Tembung ‘*rembugan*’ menika saking tembung lingga *rembug*, ingkang dipunraketi mawi panambang {-an}. Ginanipun panambang ‘*rembugan*’ menika ndhapuk tembung kahanan Lajeng tembung ‘*rembugan*’ nggadhahi teges diskusi utawi rapat.

Rembugan menika tembung andhahan *polimorfemis* ingkang kadhapuk saking tembung lingga kahanan “rembug” + {-an}, tembung ‘*rembugan*’ ndhapuk tembung kahanan.




Bagan 35. Pandhapuking panambang '*rembugan*'

(bagan kapendhet saking Ramlan, 1997)

pungkasanne ing ruwang keluarga Pak Reja bubar **subuhan** dadi katon reja tenan, kaya rembugane sidhang DPR. (SME3.2011/CK43/P10/K1)

Saking andharan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung '*subuhan*' kadhapuk saking tembung lingga + {-an}. Tembung '*subuhan*' menika saking tembung lingga *subuh*, ingkang dipunraketi mawi panambang {-an}. Ginanipun panambang '*subuhan*' menika ndhapuk tembung kriya. Lajeng tembung '*subuhan*' nggadhahi teges nindakaken sholat ing wayah isuk.

Subuhan menika tembung andhahan *polimorfemis* ingkang kadhapuk saking tembung lingga kriya "subuh" + {-an}, tembung '*subuhan*' ndhapuk tembung kriya.



(TRr 'wanci sholat ing wayah isuk')


Bagan 36. Pandhapuking panambang '*subuhan*'

(bagan kapendhet saking Ramlan, 1997)

"Mas ki aneh, wis dadi bojone sepuluh **taunan** kok kaya wong lagi pacaran wae, wong saben dina ketemu, bareng, amor, lha kok saben dina mesthi ngalem aku ta, Mas?" ujure widadari nalika dewa nyaketi anggone lagi ngidung ing pasujudan. (SME2,2012/CK43/P4/K1)

Saking andharan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung ‘*taunan*’ kadhapuk saking tembung lingga + {-an}. Tembung ‘*taunan*’ menika saking tembung lingga *taun*, ingkang dipunraketeki mawi panambang {-an}. Ginanipun panambang ‘*taunan*’ menika ndhapuk tembung kahanan. Lajeng tembung ‘*taunan*’ nggadhahi teges wekdal.

Taunan menika tembung andhahan *polimorfemis* ingkang kadhapuk saking tembung lingga aran “taun” + {-an}, tembung ‘*taunan*’ ndhapuk tembung kahanan.




Bagan 37. Pandhapuking panambang ‘*taunan*’

(bagan kapendhet saking Ramlan, 1997)

“Mas ki aneh, wis dadi bojone sepuluh taunan kok kaya wong lagi *pacaran* wae, wong saben dina ketemu, bareng, amor, lha kok saben dina mesthi ngalem aku ta, Mas?” ujure Widadari nalika Dewa nyaketi anggone lagi ngidung ing pasujudan. (SME2,2012/CK43/P4/K1)

saking andharan ing nginggil. Saged dipuntingali bilih tembung ‘*pacaran*’ kadhapuk saking tembung lingga + {-an}. Tembung ‘*pacaran*’ menika saking tembung lingga *pacar*, ingkang dipunraketeki mawi panambang {-an}. Ginanipun panambang ‘*pacaran*’ menika ndhapuk tembung kriya. Lajeng tembung ‘*pacaran*’ nggadhahi teges tiyang kang sampun dewasa lajeng kagungan tiyang sanesipun ingkang dipuntresnani.

Pacaran menika tembung andhahan *polimorfemis* ingkang kadhapuk saking tembung lingga aran “pacar” + {-an}, tembung ‘*pacaran*’ ndhapuk tembung kriya.



(TKr ‘bocah kang sampun dewasa lajeng kagungan tiyang sanesipun ingkang dipuntresnani’)


Bagan 38. Pandhapuking panambang ‘*pacaran*’

(bagan kapendhet saking Ramlan, 1997)

“ Lho, mas, apa kae?” Agung ngomong lirik-lirik marang kangmase karo nuduhake saweneh *pawongan*. (SME3,2011/CK44/P27/K1)

Saking andharan ing nginggil, saged dipuntingali bilih tembung ‘*pawongan*’ kadhapuk saking tembung lingga + {-an}. Tembung ‘*pawongan*’ menika saking tembung lingga *pawong*, ingkang dipunraketni mawi panambang {-an}. Ginanipun panambang ‘*pawongan*’ menika ndhapuk tembung aran. Lajeng tembung ‘*pawongan*’ nggadhahi teges batur wadon para nyai

Pawongan menika tembung andhahan *polimorfemis* ingkang kadhapuk saking tembung lingga aran “pawong” + {-an}, tembung ‘*pawongan*’ ndhapuk tembung aran.



(TAr ‘batur wadon para nyai’)


Bagan 39. Pandhapuking panambang ‘*pawongan*’

(bagan kapendhet saking Ramlan, 1997)

